21 /-/ Yèn batiné wus ora ngarêp-arêp / amambêng kêkarêpané dhéwé / sartâ sawusé angliyakaké sadhéngah kang migunani awaké / sanadyan badané nindaki panggawé iku wus kalis ing dosâ /-/	21 /-/ Yèn batiné wus ora ngarêp-arêp / amambêng kêkarêpané dhéwé / sartâ sawusé angliyakaké sadhéngah kang migunani awaké / sanadyan badané nindaki panggawé iku wus kalis ing dosâ /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
22 /-/ Panarimâ kang tinêmuné sarâna kang mangkono mau lan wus ora duwé sisihan kang kosok bali / ora drêngki / lan wus nganggêp bêgja utâwâ cilâka pâdhâ baé / dhèwèké sanadyan nindaki panggawé wus ora kabândâ /-/	22 /-/ Panarimâ kang tinêmuné sarâna kang mangkono mau lan wus ora duwé sisihan kang kosok bali / ora drêngki / lan wus nganggêp bêgja utâwâ cilâka pâdhâ baé / dhèwèké sanadyan nindaki panggawé wus ora kabândâ /-/
23 kâcâ 35 /-/ Sadhêngahâ baé sing sâpâ karêmé wus sirnâ / iyâ iku kang mardikâ / sing sâpâ atiné wus ora kêndho pangikété marang kawicaksanan / iyâ iku kang ingaran mindêng pangudiné / dhèwèké ruwat sâkâ saguning panggawé /-/	23 kâcâ 35 /-/ Sadhêngahâ baé sing sâpâ karêmé wus sirnâ / iyâ iku kang mardikâ / sing sâpâ atiné wus ora kêndho pangikété marang kawicaksanan / iyâ iku kang ingaran mindêng pangudiné / dhèwèké ruwat sâkâ saguning panggawé /-/
24 /-/ Brahma kang nganakaké kurban / iyâ Brahma kang dadi pangan kang dianggo kurban / gêni kang kinurbanaké déning Brahma iyâ marang Brahma / paraning manungsâ kang sêmadi marang Brahma / iyâ ugâ marang Brahma /-/	24 /-/ Brahma kang nganakaké kurban / iyâ Brahma kang dadi pangan kang dianggo kurban / gêni kang kinurbanaké déning Brahma iyâ marang Brahma / paraning manungsâ kang sêmadi marang Brahma / iyâ ugâ marang Brahma /-/
25 /-/ Pâra anglakoni panunggal pâdhâ kurban marang déwâ / ananging liyâ-liyané pâdhâ ngurbanaké âna ing gênining Brahma /-/	25 /-/ Pâra anglakoni panunggal pâdhâ kurban marang déwâ / ananging liyâ-liyané pâdhâ ngurbanaké âna ing gênining Brahma /-/
26 /-/ Pirâ-pirâ kang pâdhâ kurban pangrungu / liyané pamambêng indriyâ / liyané manèh akurban swârâ / lan sarupané kang magêpokan indriyâ âna ing gênining indriyâ /-/	26 /-/ Pirâ-pirâ kang pâdhâ kurban pangrungu / liyané pamambêng indriyâ / liyané manèh akurban swârâ / lan sarupané kang magêpokan indriyâ âna ing gênining indriyâ /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
27 /-/ Ānā manèh kang kurban pakartining indriyā lan pakartining urip / sarānā angurubaké gēni panunggal / ānā dalam masésā pribadiné /-/	27 /-/ Ānā manèh kang kurban pakartining indriyā lan pakartining urip / sarānā angurubaké gēni panunggal / ānā dalam masésā pribadiné /-/
28 /-/ Ānā manèh kang akurban kasugihan / kurban bantêr pangudi (tāpā brātā) / kurban panunggal / lan kurban pangudi lan kawicaksanan / sartā sētyā marang sēdyané /-/	28 /-/ Ānā manèh kang akurban kasugihan / kurban bantêr pangudi (tāpā brātā) / kurban panunggal / lan kurban pangudi lan kawicaksanan / sartā sētyā marang sēdyané /-/
29 /-/ Liyané manèh kurban nyêrot napas / sajroning ngêtokaké napas / utāwā ngêtokaké napas sajroning nyêrot napas / utāwā ngampêt lêbu wêtuné napas / utāwā nglakokaké sajroning mēgêng napas /-/	29 /-/ Liyané manèh kurban nyêrot napas / sajroning ngêtokaké napas / utāwā ngêtokaké napas sajroning nyêrot napas / utāwā ngampêt lêbu wêtuné napas / utāwā nglakokaké sajroning mēgêng napas /-/
30 kācā 36 /-/ Kajābā iku ānā kang kurban cêgah pangan / akurban napasé urip ing sajroning Gusti / kabèh mau wus sampurnā kurbané / lan wus angruwat dosā sarānā kurban /-/	30 kācā 36 /-/ Kajābā iku ānā kang kurban cêgah pangan / akurban napasé urip ing sajroning Gusti / kabèh mau wus sampurnā kurbané / lan wus angruwat dosā sarānā kurban /-/
31 /-/ Wong kang ngombé banyu urip / utāwā mangan sisané kurban / iku lumaku tumuju ing kalanggênganing Brahma / donyā iki ora kasadhiyakaké marang manungsā kang ora agawé kurban / héh Arjunā kapriyé mungguh liyané /-/	31 /-/ Wong kang ngombé banyu urip / utāwā mangan sisané kurban / iku lumaku tumuju ing kalanggênganing Brahma / donyā iki ora kasadhiyakaké marang manungsā kang ora agawé kurban / héh Arjunā kapriyé mungguh liyané /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
<p>32 /-/ Mangkono sarananing kurban kang sinajèkaké marang Brahma / kawruhânâ manâwâ sagunging kurban iku ajalaran panggawé / yèn sirâ mêruhi iku mau / sirâ bakal antuk pamudharan /-/</p>	<p>32 /-/ Mangkono sarananing kurban kang sinajèkaké marang Brahma / kawruhânâ manâwâ sagunging kurban iku ajalaran panggawé / yèn sirâ mêruhi iku mau / sirâ bakal antuk pamudharan /-/</p>
<p>33 /-/ Kang luwih prayogâ sâkâ kurban samubarang kang maujud / iyâ iku kurban kawicaksanan / ora nganggo pinilah salwiring panggawé iku bisâ ruwat ing dalêm kawicaksanan /-/</p>	<p>33 /-/ Kang luwih prayogâ sâkâ kurban samubarang kang maujud / iyâ iku kurban kawicaksanan / ora nganggo pinilah salwiring panggawé iku bisâ ruwat ing dalêm kawicaksanan /-/</p>
<p>34 /-/ Angudiâ kawruh mau kang kongsi katêmu / sarânâ sinau sarânâ nênitèni utâwâ anglakoni / pâra wicaksânâ kang wus ora kasamaran bakal awèh pituduh kawicaksanan ing sirâ /-/</p>	<p>34 /-/ Angudiâ kawruh mau kang kongsi katêmu / sarânâ sinau sarânâ nênitèni utâwâ anglakoni / pâra wicaksânâ kang wus ora kasamaran bakal awèh pituduh kawicaksanan ing sirâ /-/</p>
<p>35 /-/ Yèn sirâ mêruhi iku / sirâ ora bisâ kasasar manèh / héh Pandhu Tanâyâ / sarânâ mau sirâ bakal wêruh sagunging dumadi ing dalêm Dat / utâwâ sarânâ Dat sirâ bakal mêruhi kahananing Sun /-/</p>	<p>35 /-/ Yèn sirâ mêruhi iku / sirâ ora bisâ kasasar manèh / héh Pandhu Tanâyâ / sarânâ mau sirâ bakal wêruh sagunging dumadi ing dalêm Dat / utâwâ sarânâ Dat sirâ bakal mêruhi kahananing Sun /-/</p>
<p>36 kâcâ 37 /-/ Sanadyan pidosanirâ ngungkuli sarupaning wong kang nandhang dosâ asarânâ prau kawicaksanan / sirâ bakal bisâ angliwati samodraning piâlâ /-/</p>	<p>36 kâcâ 37 /-/ Sanadyan pidosanirâ ngungkuli sarupaning wong kang nandhang dosâ asarânâ prau kawicaksanan / sirâ bakal bisâ angliwati samodraning piâlâ /-/</p>
<p>37 /-/ Kâyâ déné gêni angobong kayu nganti dadi awu / héh Arjunâ / mangkono gêni kawicaksanan ambrasthâ sakèhing panggawé /-/</p>	<p>37 /-/ Kâyâ déné gêni angobong kayu nganti dadi awu / héh Arjunâ / mangkono gêni kawicaksanan ambrasthâ sakèhing panggawé /-/</p>

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
38 /-/ Karânâ ing kéné wus ora ânâ manèh kang utamané ngungkuli kawicaksanan / sawusé anglakoni panunggal kongsi samêktâ / ing kono bakal tinêmu dhéwé sasânâ ing dalêm Dat /-/	38 /-/ Karânâ ing kéné wus ora ânâ manèh kang utamané ngungkuli kawicaksanan / sawusé anglakoni panunggal kongsi samêktâ / ing kono bakal tinêmu dhéwé sasânâ ing dalêm Dat /-/
39 /-/ Sing sâpâ darbé piandêl / sing sâpâ nganggêp luhur dhéwé / lan sing sâpâ nyêgah kêkarêpané / bakal antuk kawicaksanan / yèn dhèwèké wus anduwèni kawicaksanan / ora antâra suwé bisa têkan ing katêntreman kang linuhung /-/	39 /-/ Sing sâpâ darbé piandêl / sing sâpâ nganggêp luhur dhéwé / lan sing sâpâ nyêgah kêkarêpané / bakal antuk kawicaksanan / yèn dhèwèké wus anduwèni kawicaksanan / ora antâra suwé bisa têkan ing katêntreman kang linuhung /-/
40 /-/ Pâra cubluk tansah sêmang-sêmang lan manggung ora pracâyâ / iku dhèwèké bakal bilahi / sanadyan ing kânâ kéné (donyâ ngakérat) / ora ânâ kabêgjan kang kênâ dinarbé marang kang asêmang-sêmang /-/	40 /-/ Pâra cubluk tansah sêmang-sêmang lan manggung ora pracâyâ / iku dhèwèké bakal bilahi / sanadyan ing kânâ kéné (donyâ ngakérat) / ora ânâ kabêgjan kang kênâ dinarbé marang kang asêmang-sêmang /-/
41 /-/ Dhuh Risang unggul lawan kasugihan / sing sâpâ nglilakaké sakèhé panggawéné sarânâ panunggal / sêmang-sêmangé wus kabérat ing kawicaksanan / iku kang wus amêngkoni ora ânâ panggawé kang bisâ ambândâ ing dhèwèké /-/	41 /-/ Dhuh Risang unggul lawan kasugihan / sing sâpâ nglilakaké sakèhé panggawéné sarânâ panunggal / sêmang-sêmangé wus kabérat ing kawicaksanan / iku kang wus amêngkoni ora ânâ panggawé kang bisâ ambândâ ing dhèwèké /-/
42 /-/ Mulané sawisé mêngtas sâkâ baliluné / lan angru- kâcâ 38 - wat sêmang-sêmanging ati sarânâ pêdhang kawicaksananing Dat / sumungkuâ ing panunggal / Arjunâ: mulâ ngadêgâ /-/	42 /-/ Mulané sawisé mêngtas sâkâ baliluné / lan angru- kâcâ 38 - wat sêmang-sêmanging ati sarânâ pêdhang kawicaksananing Dat / sumungkuâ ing panunggal / Arjunâ: mulâ ngadêgâ /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
//----// Inggang kawêdharakên ing nginggil punikâ / panunggal sarânâ kawicaksanan /-/	//----// Inggang kawêdharakên ing nginggil punikâ / panunggal sarânâ kawicaksanan /-/
(0) Asmâ-asmâ inggang kapratêlakakên ing nginggil punikâ / jêjulukupun pâra Naréndrâ Têdhaking Suryâ /-/	(0) Asmâ-asmâ inggang kapratêlakakên ing nginggil punikâ / jêjulukupun pâra Naréndrâ Têdhaking Suryâ /-/
(2) Mbok manawi pikajêngipun tâpâ brâtâ /-/	(2) Mbok manawi pikajêngipun tâpâ brâtâ /-/
(3) Inggih punikâ Brahmânâ / Satriyâ / Wismâ / tuwin Sudrâ /-/	(3) Inggih punikâ Brahmânâ / Satriyâ / Wismâ / tuwin Sudrâ /-/
 kâcâ 60 //0// Wiraosan inggang Kaping Sangâ /-/	 kâcâ 60 //0// Wiraosan inggang Kaping Sangâ /-/
1 /-/ Pangandikanipun Krêsnâ /-/ //0// Kawicaksanan kang piningit iku / sambungé lan kawruhé mêngko bakal Sun warahaké marang sirâ kang ambêk bêkti kang kongsi sampurnâ / yèn sirâ anyumurupi / iyâ iku saranané sirâ kalis ing piâlâ /-/	1 /-/ Pangandikanipun Krêsnâ /-/ //0// Kawicaksanan kang piningit iku / sambungé lan kawruhé mêngko bakal Sun warahaké marang sirâ kang ambêk bêkti kang kongsi sampurnâ / yèn sirâ anyumurupi / iyâ iku saranané sirâ kalis ing piâlâ /-/
2 /-/ Luhur-luhuring kawruh wadi kang luhur / iku praboting kasukcian kang luhur / cocog lan anggêr-anggêr (darmâ) âpâ déné langgêng / gampang katindakaké /-/	2 /-/ Luhur-luhuring kawruh wadi kang luhur / iku praboting kasukcian kang luhur / cocog lan anggêr-anggêr (darmâ) âpâ déné langgêng / gampang katindakaké /-/
3 /-/ Héh Pangrurahing Satru / sakèhing manungsâ kang ora pitâyâ marang darmâ / dhèwèké ora têkan maring Sun / bali manèh marang dalan lair marambah-rambah /-/	3 /-/ Héh Pangrurahing Satru / sakèhing manungsâ kang ora pitâyâ marang darmâ / dhèwèké ora têkan maring Sun / bali manèh marang dalan lair marambah-rambah /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
4 /-/ Jagad iki / iyâ kang winaragan déning kang ora gumêlar / kâcâ 61 kabèh katarambas déning Sun / ananging Ingsun ora dumunung âna sajroning iku mau /-/	4 /-/ Jaga<t> ³ iki / iyâ kang winaragan déning kang ora gumêlar / kâcâ 61 kabèh katarambas déning Sun / ananging Ingsun ora dumunung âna sajroning iku mau /-/
5 /-/ Lan wujud iku kabèh iyâ ora âna sajêroning Sun / sanadyan Ingsun nyanggâ kahanan iki kabèh / ananging Ingsun ora dumunung sajroning kahanan mau / Dating Sun kamulané kahanan kabèh iku /-/	5 /-/ Lan wujud iku kabèh iyâ ora âna sajêroning Sun / sanadyan Ingsun nyanggâ kahanan iki kabèh / ananging Ingsun ora dumunung sajroning kahanan mau / Dating Sun kamulané kahanan kabèh iku /-/
6 /-/ Piyarsakna / kâya déné hâwâ kang tansah gêtêr ing saparanparan / ing Amun-amun (Ētêr) / mêngkono kahanané iki kabèh pamanggèné ing jêroning Sun /-/	6 /-/ Piyarsakna / kâya déné hâwâ kang tansah gêtêr ing saparanparan / ing Amun-amun (Ētêr) / m<a> ¹³ ngkono kahanané iki kabèh pamanggèné ing jêroning Sun /-/
7 /-/ Héh atmajaning Kunthi / sagunging kahanan iki bakal tumamèng prakritining Sun / manâwâ wus têkan pungkasaning mângsâ kadunyan (kalpâ) / ing nalikâ wiwité mângsâ kadunyan (kalpâ) / dhèwèké Sun wêtokaké manèh /-/	7 /-/ Héh atmajaning Kunthi / sagunging kahanan iki bakal tumamèng prakritining Sun / manâwâ wus têkan pungkasaning mângsâ kadunyan (kalpâ) / ing nalikâ wiwité mângsâ kadunyan (kalpâ) / dhèwèké Sun wêtokaké manèh /-/
8 /-/ Sawusé dumadi prakriti sâkâ Ingsun / sabên-sabên nggoning Sun ngêtokaké manèh sagunging kalumpukaning kahanan mau ora sâkâ karêpé / nanging sâkâ dayaning prakriti /-/	8 /-/ Sawusé dumadi prakriti sâkâ Ingsun / sabên-sabên nggoning Sun ngêtokaké manèh sagunging kalumpukaning kahanan mau ora sâkâ karêpé / nanging sâkâ dayaning prakriti /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
<p>9 /-/ Ah / kang unggul lan kasugihan / Ingsun ora kabândâ déning panggawé iku kâyâ déné wus mungkur ora karêm marang panggawé mau /-/</p>	<p>9 /-/ Ah / kang unggul lan kasugihan / Ingsun ora kabândâ déning panggawé iku kâyâ déné wus mungkur ora karêm marang panggawé mau /-/</p>
<p>10 /-/ Prakriti ênggoné tansah nganakaké kang obah lan ora obah iku sarâna pangrêksaning Sun / o / atmajaning Kunthi / mulané Alam iki nyâkrâ pagilingan /-/</p>	<p>10 /-/ Prakriti ênggoné tansah nganakaké kang obah lan ora obah iku sarâna pangrêksaning Sun / o / atmajaning Kunthi / mulané Alam iki nyâkrâ pa[ng]¹⁴gilingan /-/</p>
<p>11 kâcâ 62 /-/ Pâra sasar ora mêruhi maring Sun / katutupan déning kawujudaning Sun manungsâ (wataking manas asor) / ora ngyêktèni wêwatêkaning Sun kang luhur / iyâ Gustining dumadi kabèh /-/</p>	<p>11 kâcâ 62 /-/ Pâra sasar ora mêruhi maring Sun / katutupan déning kawujudaning Sun manungsâ (wataking manas asor) / ora ngyêktèni wêwatêkaning Sun kang luhur / iyâ Gustining dumadi kabèh /-/</p>
<p>12 /-/ Sanadyan anduwèni pangarêp-arêp bêcik / manggawé bêcik / lan andarbèni kawruh bêcik / nanging tanpâ mangudi sartâ pâdhâ anut lakuning sétan / lan anyulayani prakriti /-/</p>	<p>12 /-/ Sanadyan anduwèni pangarêp-arêp bêcik / manggawé bêcik / lan andarbèni kawruh bêcik / nanging tanpâ mangudi sartâ pâdhâ anut lakuning sétan / lan anyulayani prakriti /-/</p>
<p>13 /-/ Héh Pandhu Tanâyâ / ananging Sang Mahatmâ anut watêking Sun / pangèsthiné ora liyâ muhung maring Sun / Sang Minulyâ mau wêruh yèn Ingsun tuké kabèh dumadi kang langgêng /-/</p>	<p>13 /-/ Héh Pandhu Tanâyâ / ananging Sang Mahatmâ anut watêking Sun / pangèsthiné ora liyâ muhung maring Sun / Sang Minulyâ mau wêruh yèn Ingsun tuké kabèh dumadi kang langgêng /-/</p>
<p>14 /-/ Sing sâpâ agawé karênaning Sun / santosâ sêmanggêmé maring Sun / mahargyâ kalayan bakti lan angangkah nunggal / iku ingaran mêmujî maring Sun /-/</p>	<p>14 /-/ Sing sâpâ agawé karênaning Sun / santosâ sêmanggêmé maring Sun / mahargyâ kalayan bakti lan angangkah nunggal / iku ingaran mêmujî maring Sun /-/</p>

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
15 /-/ Déné liyané kang pãdhã kurban kawruh / sanadyan nganggêp Ingsun siji / utawã pirã-pirã lan ânã ing ngêndi-êndi iku ugã angaluhuraké maring Sun /-/	15 /-/ Déné liyané kang pãdhã kurban kawruh / sanadyan nganggêp Ingsun siji / utawã pirã-pirã lan ânã ing ngêndi-êndi iku ugã angaluhuraké maring Sun /-/
16 /-/ Miturut layang Wédhdhã / Ingsun iki kurban / yèn ing layang liyané Ingsun kang kinurbanaké / Ingsun banyu kang kinurbanaké / Ingsun têtuwuhan kang kinurbanaké / iyã Ingsun mantram / martégã kang dianggé kurban / lan gêni sartã panggawé kang kinurbanaké Ingsun /-/	16 /-/ Miturut layang Wédhdhã / Ingsun iki kurban / yèn ing layang liyané Ingsun kang kinurbanaké / Ingsun banyu kang kinurbanaké / Ingsun têtuwuhan kang kinurbanaké / iyã Ingsun mantram / m<ê> ¹⁵ rtégã kang dianggé kurban / lan gêni sartã panggawé kang kinurbanaké Ingsun /-/
17 /-/ Ingsun bãpã babuné éyangé iki kabèh / lan kang nyãnggã kabèh iki / praboting kasucian / iyã iku kang ku- kãcã 63 -du disumurupi / mangkono ugã têtêmbungan / Om / lan Rih Wédhdhã / Sãmã Wédhdhã / Yajur Wédhdhã /-/	17 /-/ Ingsun bãpã babuné éyangé iki kabèh / lan kang nyãnggã kabèh iki / praboting kasucian / iyã iku kang ku- kãcã 63 -du disumurupi / mangkono ugã têtêmbungan / Om / lan R[i]<g> ¹⁶ Wédhdhã / Sãmã Wédhdhã / Yajur Wédhdhã /-/
18 /-/ Ingsun gégayuhan / kang ngupãkãrã / iyã Gusti kang ngudanéni / iyã padunungan / iyã kang dadi pangungsèn / mitrã kang murwani / kang mækasi / têtalês / gêdhong rãjã brãnã / iyã wiji kang langgêng /-/	18 /-/ Ingsun gégayuhan / kang ngupãkãrã / iyã Gusti kang ngudanéni / iyã padunungan / iyã kang dadi pangungsèn / mitrã kang murwani / kang mækasi / têtalês / gêdhong rãjã brãnã / iyã wiji kang langgêng /-/
19 /-/ Ingsun kang awèh panas / Ingsun kang ngandhêg lan nurunaké udan / Ingsun kang ora mati / lan pati Ingsun iyã kang ânã / lan ora ânã / Arjunã /-/	19 /-/ Ingsun kang awèh panas / Ingsun kang ngandhêg lan nurunaké udan / Ingsun kang ora mati / lan pati Ingsun iyã kang ânã / lan ora ânã / Arjunã /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
20 /-/ Kang sâpâ mêruhi layang Wédhâ têtêlu mau / angumbé somâ (pêrêsaning têtuwuhan kang ginawé kurban) / iku rinuwat sâkâ dosané / mahargyâ maring Sun / sarânâ kurban anjaluk lumêbu ing Swargâ / iku kang têkan ing alam kang mulyâ / ing Alamé Ratuning Jawâtâ /-/	20 /-/ Kang sâpâ mêruhi layang Wédhâ têtêlu mau / angumbé somâ (pêrêsaning têtuwuhan kang ginawé kurban) / iku rinuwat sâkâ dosané / mahargyâ maring Sun / sarânâ kurban anjaluk lumêbu ing Swargâ / iku kang têkan ing alam kang mulyâ / ing Alamé Ratuning Jawâtâ /-/
21 /-/ Dhèwèké kang ngrasaké kamulyan ânâ ing Swargâ / sawusé panggawé kabêcikané iku êntèk / binalèkaké marang jagaté wong kang kêna ing pati / margâ dhèwèké anut piwulang Wédhâ têtêlu mau bakal mati sartâ urip / krânâ anganakaké pangarêp-arêp /-/	21 /-/ Dhèwèké kang ngrasa{ka} ¹⁷ ké kamulyan ânâ ing Swargâ / sawusé panggawé kabêcikané iku êntèk / binalèkaké marang jagaté wong kang kêna ing pati / margâ dhèwèké anut piwulang Wédhâ têtêlu mau bakal mati sartâ urip / krânâ anganakaké pangarêp-arêp /-/
22 /-/ Sujanmâ kang wus ora mikir liyané kajâbâ angluhuraké Ingsun / iyâ kang wus ora maro tingal / Ingsun maringaké kamulyaning panunggal marang dhèwèké /-/	22 /-/ Sujanmâ kang wus ora mikir liyané kajâbâ angluhuraké Ingsun / iyâ kang wus ora maro tingal / Ingsun maringaké kamulyaning panunggal marang dhèwèké /-/
23 /-/ Dhuh / Arjunâ / sanadyan kang pârâ anut / kanthi kaèbê- kâcâ 64 -kan piandêl / lan pangaji-aji tumrap agâmâ liyané iku ugâ angluhuraké Ingsun / sanadyan dhèwèké mau anyulayani layang-layang kunâ /-/	23 /-/ Dhuh / Arjunâ / sanadyan kang pârâ anut / kanthi kaèbê- kâcâ 64 -kan piandêl / lan pangaji-aji tumrap agâmâ liyané iku ugâ angluhuraké Ingsun / sanadyan dhèwèké mau anyulayani layang-layang kunâ /-/
24 /-/ Awit Ingsun tukang dhahar kurbam / lan ugâ Gustiné / nanging dhèwèké ora sumurup kahananing Sun kang sajati / mulané dhèwèké pâdhâ katiwasan /-/	24 /-/ Awit Ingsun tukang dhahar kurba<n> ¹⁸ / lan ugâ Gustiné / nanging dhèwèké ora sumurup kahananing Sun kang sajati / mulané dhèwèké pâdhâ katiwasan /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
25 /-/ Sing sâpâ angluhuraké pârâ Jawâtâ / iyâ bakal têkan ing déwâ / sing sâpâ angluhuraké pitri (lêluhur utawi Gustinipun sadâyâ manungsâ) iyâ ugâ manjing kono / manungsâ kang kurban marang pârâ Èlèmental (rupâ Déwâtâ) / iya manjing Èlèmental / ananging kang kurban maring Sun / iyâ maring Sun /-/	25 /-/ Sing sâpâ angluhuraké pârâ Jawâtâ / iyâ bakal têkan ing déwâ / sing sâpâ angluhuraké pitri (lêluhur utawi Gustinipun sadâyâ manungsâ) iyâ ugâ manjing kono / manungsâ kang kurban marang pârâ Èlèmental (rupâ Déwâtâ) / iya manjing Èlèmental / ananging kang kurban maring Sun / iyâ maring Sun /-/
26 /-/ Dhèwèké kang amisuusung sarânâ kurban / godhong / kêmbang / woh-wohan / lan banyu maring Sun / kang ênggoné nyaosaké kalayan bakti / iku Sun tampani / margâ wus dak anggêp sukci kahanané /-/	26 /-/ Dhèwèké kang amisuusung sarânâ kurban / godhong / kêmbang / woh-wohan / lan banyu maring Sun / kang ênggoné nyaosaké kalayan bakti / iku Sun tampani / margâ wus dak anggêp sukci kahanané /-/
27 /-/ Âpâ kang sirâ sambut / âpâ kang sirâ pangan / âpâ sirâ kang sirâ kinurbanaké / âpâ kang sirâ wènèhaké / kang kalêksanané sarânâ bakti iku / lah atmajaning Kunthi / ijabnâ kâyâ pisuusung maring Sun /-/	27 /-/ Âpâ kang sirâ sambut / âpâ kang sirâ pangan / âpâ sirâ kang sirâ kinurbanaké / âpâ kang sirâ wènèhaké / kang kalêksanané sarânâ bakti iku / lah atmajaning Kunthi / ijabnâ kâyâ pisuusung maring Sun /-/
28 /-/ Dadi sirâ luwar sâkâ wohing panggawé / nadyan âlâ lan bêcik / krânâ iku bêbandaning panggawé / kalayan pribadiné kâcâ 65 wus dadi siji / sâkâ panunggal sarânâ sèlèh panggawé / sirâ bakal mardikâ lan têkan maring Sun /-/	28 /-/ Dadi sirâ luwar sâkâ wohing panggawé / nadyan âlâ lan bêcik / krânâ iku bêbandaning panggawé / kalayan pribadiné kâcâ 65 wus dadi siji / sâkâ panunggal sarânâ sèlèh panggawé / sirâ bakal mardikâ lan têkan maring Sun /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
29 /-/ Panganggêp Ingsun marang sakabèhing dumadi pãdhã baé / ingatasé Ingsun ora gèthing / ugã ora dhêmên / ananging sing sãpã angluhuraké Ingsun sarãnã bakti / sujanmã mau ãnã jêroning Sun / lan Ingsun ãnã jêroning dhèwèké /-/	29 /-/ Panganggêp Ingsun marang sakabèhing dumadi pãdhã baé / ingatasé Ingsun ora gèthing / ugã ora dhêmên / ananging sing sãpã angluhuraké Ingsun sarãnã bakti / sujanmã mau ãnã jêroning Sun / lan Ingsun ãnã jêroning dhèwèké /-/
30 /-/ Sanadyan tumêkã wong kang ambéké ãlà / ananging angaji-aji maring Sun / lan ora ngidhêp liyané / dhèwèké iyã kagolong bêcik / awit anduwèni kêkêncêngan kang bènêr /-/	30 /-/ Sanadyan tumêkã wong kang ambéké ãlà / ananging angaji-aji maring Sun / lan ora ngidhêp liyané / dhèwèké iyã kagolong bêcik / awit anduwèni kêkêncêngan kang bènêr /-/
31 /-/ Dhèwèké mêsthi bakal tumuli bêcik / lan tumuju marang katêntreman / kang langgêng / dhuh Pandhu Tanâyã / sirã pèsthi sumurup yèn kang ngidhêp Ingsun iku ora kêblasuk /-/	31 /-/ Dhèwèké mêsthi bakal tumuli bêcik / lan tumuju marang katêntreman / kang langgêng / dhuh Pandhu Tanâyã / sirã pèsthi sumurup yèn kang ngidhêp Ingsun iku ora kêblasuk /-/
32 /-/ Héh atmajaning Pritã / karãnã pangayomé maring Sun / nadyan kang lairé nandhang dosã / kãyãtã wong wadoné bãngsã kaping têlu lan kaping pat / malah bisã anggayuh dalan kang luhur /-/	32 /-/ Héh atmajaning Pritã / karãnã pangayomé maring Sun / nadyan kang lairé nandhang dosã / kãyãtã wong wadoné bãngsã kaping têlu lan kaping pat / malah bisã anggayuh dalan kang luhur /-/
33 /-/ Pirã-pirã Brahmãnã kang sukci lan pãrã wicaksãnã kang bakti / mulané sirã angidhêpã maring Sun / margã sirã anèng alam kang ora langgêng lan cilãkã iki (ing dunyã) /-/	33 /-/ Pirã-pirã Brahmãnã kang sukci lan pãrã wicaksãnã kang bakti / mulané sirã angidhêpã maring Sun / margã sirã anèng alam kang ora langgêng lan cilãkã iki (ing dunyã) /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
34 /-/ Pikirira lèbokna ing jèroning Sun / tansah anèmbahã maring Sun / kurbanã maring Sun / sumungkêmã ing ayunaning Sun / yèn mêngkono / sirã bakal têkan lan dadi siji karo Ingsun / têkan ing Dat sartã têkan gègayuhan kang luhur iyã Ingsun /-/ 	34 /-/ Pikirira lèbokna ing jèroning Sun / tansah anèmbahã maring Sun / kurbanã maring Sun / sumungkêmã ing ayunaning Sun / yèn m<a> ¹³ ngkono / sirã bakal têkan lan dadi siji karo Ingsun / têkan ing Dat sartã têkan gègayuhan kang luhur iyã Ingsun /-/
 kâcã 66 //----// Inggang winêdharakên wau / piwulang panunggal sarãna kawruh kang luhur / tuwin wêwados kang luhur /-/ 	 kâcã 66 //----// Inggang winêdharakên wau / piwulang panunggal sarãna kawruh kang luhur / tuwin wêwados kang luhur /-/
 kâcã 83 //0// Wiraosan inggang Kaping Kalih Wêlas /-/ 	 kâcã 83 //0// Wiraosan inggang Kaping Kalih Wêlas /-/
1 /-/ Aturipun Arjunã /-//0// Tiyang bakti inggang dados satunggal / sartã angaji-aji inggang ugi angluhurakên Padukã / utawi angluhurakên inggang langgêng / tuwin inggang botên gumêlar / yogi wau pundi inggang langkung prayogi /-/ 	1 /-/ Aturipun Arjunã /-//0// Tiyang bakti inggang dados satunggal / sartã angaji-aji inggang ugi angluhurakên Padukã / utawi angluhurakên inggang langgêng / tuwin inggang botên gumêlar / yogi wau pundi inggang langkung prayogi /-/
2 /-/ Pangandikanipun Krêsna / //0// Sing sãpã pikiré tumuju maring Sun / kang tansah nunggal sartã angluhuraké Ingsun / kang ênggoné ngèlingi Ingsun mau jinarwã déning piandélé / iku panunggal kang prayogã /-/ 	2 /-/ Pangandikanipun Krêsna / //0// Sing sãpã pikiré tumuju maring Sun / kang tansah nunggal sartã angluhuraké Ingsun / kang ênggoné ngèlingi Ingsun mau jinarwã déning piandélé / iku panunggal kang prayogã /-/

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
<p>3 /-/ Ananging sing sâpâ tansah angluhuraké kang ora owah gingsir / kang ora tamtu / kang ora gumêlar / lan kang ngêndi-êndi ânâ / kang ora kêna kinirâ-kirâ / lan ajêg baé utâwâ ora obah /-/</p>	<p>3 /-/ Ananging sing sâpâ tansah angluhuraké kang ora owah gingsir / kang ora tamtu / kang ora gumêlar / lan kang ngêndi-êndi ânâ / kang ora kêna kinirâ-kirâ / lan ajêg baé utâwâ ora obah /-/</p>
<p>4 /-/ Sawusé mambêng sakèhing indriyané / lan ora ambédakaké sakabèhé / bungah mungguh karahayoné kabèh kahanan / iku ugâ têkâ maring Sun /-/</p>	<p>4 /-/ Sawusé mambêng sakèhing indriyané / lan ora ambédakaké sakabèhé / bungah mungguh karahayoné kabèh kahanan / iku ugâ têkâ maring Sun /-/</p>
<p>5 /-/ Sing sâpâ ciptané tumuju marang kang ora gumêlar / gêdhé ba- kâcâ 84 -ngêt pakèwuhé / sabab bisané anggayuh dalam kang ora gumêlar tumrap wong kang isih nganggo râgâ / iku mâwâ sangsârâ /-/</p>	<p>5 /-/ Sing sâpâ ciptané tumuju marang kang ora gumêlar / gêdhé ba- kâcâ 84 -ngêt pakèwuhé / sabab bisané anggayuh dalam kang ora gumêlar tumrap wong kang isih nganggo râgâ / iku mâwâ sangsârâ /-/</p>
<p>6 /-/ Ananging sing sâpâ kabèh panggawéné pinasrahaké maring Sun / nganggêp Ingsun Kang Mâhâ Luhur / kanthi santosâ panunggalé ing dalêm pamêlêng / iku angluhuraké Ingsun /-/</p>	<p>6 /-/ Ananging sing sâpâ kabèh panggawéné pinasrahaké maring Sun / nganggêp Ingsun Kang Mâhâ Luhur / kanthi santosâ panunggalé ing dalêm pamêlêng / iku angluhuraké Ingsun /-/</p>
<p>7 /-/ Lah Pritâ Putrâ / sing sâpâ pangèsthiné tumuju maring Sun / ora watârâ suwé Ingsun bakal asung pamudharan marang dhèwèké sâkâ samodraning pati lan ubênging tumimbal lair /-/</p>	<p>7 /-/ Lah Pritâ Putrâ / sing sâpâ pangèsthiné tumuju maring Sun / ora watârâ suwé Ingsun bakal asung pamudharan marang dhèwèké sâkâ samodraning pati lan ubênging tumimbal lair /-/</p>
<p>8 /-/ Pikirirâ lèboknâ sakjroning Sun / budinirâ tumujuâ maring Sun / uwis mèsthi / sirâ ing têmbé dumunung ing jêroning Sun /-/</p>	<p>8 /-/ Pikirirâ lèboknâ sakjroning Sun / budinirâ tumujuâ maring Sun / uwis mèsthi / sirâ ing têmbé dumunung ing jêroning Sun /-/</p>

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
9 /-/ Ananging manâwâ pikiré marang Ingsun durung bisâ santosâ / Arjunâ / banjur ngangkahâ têkan Ingsun / sarânâ sinau anunggal /-	9 /-/ Ananging manâwâ pikiré marang Ingsun durung bisâ santosâ / Arjunâ / banjur ngangkahâ têkan Ingsun / sarânâ sinau anunggal /-
10 /-/ Yèn sirâ ugâ isih durung bisâ nglakoni / cukup sarupaning panggawènrâ / lèladi maring Sun samêktanânâ / yèn sirâ anindaki sagunging panggawé kang margâ Ingsun / iyâ bakal bisâ anggayuh kasampurnan /-	10 /-/ Yèn sirâ ugâ isih durung bisâ nglakoni / cukup sarupaning panggawènrâ / lèladi maring Sun samêktanânâ / yèn sirâ anindaki sagunging panggawé kang margâ Ingsun / iyâ bakal bisâ anggayuh kasampurnan /-
11 /-/ Yèn sirâ ugâ isih durung bisâ nglakoni mangkono / banjur anglakonânâ mangrah pribadinirâ / angêdohânâ wohing kabèh panggawé /-	11 /-/ Yèn sirâ ugâ isih durung bisâ nglakoni mangkono / banjur anglakonânâ mangr<è> ¹⁰ h pribadinirâ / angêdohânâ wohing kabèh panggawé /-
12 /-/ Kawruh iku angungkuli sinau / kang ngluwih iku pamêlêng / kang ngungkuli pamêlêng iku angêdohi kabèh panggawé- kâcâ 85 -né / sawusé pisah sâkâ wohing panggawé / sirâ banjur tumuli antuk katêtrêman /-	12 /-/ Kawruh iku angungkuli sinau / kang ngluwih iku pamêlêng / kang ngungkuli pamêlêng iku angêdohi kabèh panggawé- kâcâ 85 -né / sawusé pisah sâkâ wohing panggawé / sirâ banjur tumuli antuk katêtrêman /-
13 /-/ Sing sâpâ ora gêthing / sartâ wêlas asih marang sawiji-wijining dumadi tanpâ pêpènginan lan kamurkan / dhêmên ngapurâ nganggêp lârà lan prihatin pâdhâ baé /-	13 /-/ Sing sâpâ ora gêthing / sartâ wêlas asih marang sawiji-wijining dumadi tanpâ pêpènginan lan kamurkan / dhêmên ngapurâ nganggêp lârà lan prihatin pâdhâ baé /-

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
<p>14 /-/ Tansah narimâ / anggung anglakoni panunggal / angrah pribadiné / sêtyâ tuhu / pikir lan budiné tumuju lan nunggal maring Sun / bakti kang mangkono mau pratândhâ asih maring Sun /-/</p>	<p>14 /-/ Tansah narimâ / anggung anglakoni panunggal / angr<è>¹⁹h pribadiné / sêtyâ tuhu / pikir lan budiné tumuju lan nunggal maring Sun / bakti kang mangkono mau pratândhâ asih maring Sun /-/</p>
<p>15 /-/ Sing sâpâ wus ora kéguh déning kadonyan / lan kang ora munasikâ ing donyâ / sâpâ kang wus uwas sâkâ êndêming kasênêngan / nêpsu / lan wêdi / iku dhèwèké asih maring Sun /-/</p>	<p>15 /-/ Sing sâpâ wus ora kéguh déning kadonyan / lan kang ora munasikâ ing donyâ / sâpâ kang wus uwas sâkâ êndêming kasênêngan / nêpsu / lan wêdi / iku dhèwèké asih maring Sun /-/</p>
<p>16 /-/ Sing sâpâ tânpâ pangarêp-arêp / sukci / pintêr / sêpi ing pamrih / lan kang sâpâ kuwuré wus sirnâ / sèlèh sakliring panggawé / bakti kang mangkono iku asih maring Sun /-/</p>	<p>16 /-/ Sing sâpâ tânpâ pangarêp-arêp / sukci / pintêr / sêpi ing pamrih / lan kang sâpâ kuwuré wus sirnâ / sèlèh sakliring panggawé / bakti kang mangkono iku asih maring Sun /-/</p>
<p>17 /-/ Sing sâpâ ora duwé bungah utâwâ gêthing / ora sêdhih / utâwâ ora duwé pénginan / âlà bêcik pinasrahaké kaèbêkan bakti / iyâ iku asih maring Sun /-/</p>	<p>17 /-/ Sing sâpâ ora duwé bungah utâwâ gêthing / ora sêdhih / utâwâ ora duwé pénginan / âlà bêcik pinasrahaké kaèbêkan bakti / iyâ iku asih maring Sun /-/</p>
<p>18 /-/ Sing sâpâ ora ambédakaké mungsuh lan mitrâ / pangaji-aji lan panyamah adhêm lan panas / sêdhih lan lârâ wus pâdhâ baé / luwar sâkâ ing karêm /-/</p>	<p>18 /-/ Sing sâpâ ora ambédakaké mungsuh lan mitrâ / pangaji-aji lan panyamah adhêm lan panas / sêdhih lan lârâ wus pâdhâ baé / luwar sâkâ ing karêm /-/</p>
<p>19 /-/ Sing sâpâ ora ambédakaké panacat lan pangalêm / antêng / narimâ âpâ kang tinâmpân / ora omah-omah sa- kâcâ 86 -ntosâ pikiré / kaèbêkan ing bêkti / woh mau asih maring Sun/-/</p>	<p>19 /-/ Sing sâpâ ora ambédakaké panaca<d>²⁰ lan pangalêm / antêng / narimâ âpâ kang tinâmpân / ora omah-omah sa- kâcâ 86 -ntosâ pikiré / kaèbêkan ing bêkti / wo<ng>²¹ mau asih maring Sun/-/</p>

Transliterasi Standar	Suntingan Standar
20 /-/ Sing sâpâ têmên mangudi anggêr-anggêr kang langgêng iyâ kang ing kéné winarahaké / kalayan pracâyâ / kang mangkono mau bangêt asih maring Sun /-/	20 /-/ Sing sâpâ têmên mangudi anggêr-anggêr kang langgêng iyâ kang ing kéné winarahaké / kalayan pracâyâ / kang mangkono mau bangêt asih maring Sun /-/
//----// Inggang kawulangakên wau panunggal sarânâ bêkti / (panêmbah) /-/	//----// Inggang kawulangakên wau panunggal sarânâ bêkti / (panêmbah) /-/

Tabel 26. Terjemahan Teks

Suntingan Standar	Terjemahan
//0// Sêrat /-/ Bhagawad Gita	<i>Serat Bhagawad Gita</i>
//0// Wiraosan inggang Kaping Tiga /-/	<i>Percakapan Ketiga</i>
1 /-/ Aturipun Arjunâ /-//0// Bilih pangawikan Padukâ galih langkung luhur tinimbang pandamêl / punâpâ sababipun déné kulâ Padukâ loropakên dhatêng pandamêl inggang anggêgirisi /-/	1 Arjuna berkata, "Jika ilmu yang Paduka sampaikan lebih luhur daripada berbuat, kenapa Paduka hadapkan hamba kepada perbuatan yang menakutkan?"
2 /-/ Pangandikâ inggang ngodhêngakên manah / punikâ amung ambawurakên panampi kulâ / pramilâ mugî andhawuhnâ pêpontonipun / kadospundi sagêd kulâ anggayuh karahayon /-/	2 "Penjelasan yang membingungkan hati, itu hanya membuat saya semakin bimbang, maka berkenanlah memberikan penjelasan, bagaimana saya bisa mendapat keselamatan?"
3 kâcâ 25 /-/ Pangandikanipun Krêsnâ /-//0// Ing donyâ iki Sun arani ânâ dalan loro Arjunâ / kâyâ kang wus dak warahaké mau / iyâ iku sâkâ panunggal asarânâ kawruh (sangkyâ) utâwâ nunggal asarânâ panggawé /-/	3 Kresna berkata, "Di dunia ini ada dua jalan Arjuna, seperti yang sudah Kuajarkan sebelumnya, yaitu sempurna dengan jalan ilmu pengetahuan (sangkyâ) atau dengan jalan perbuatan."

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>4 /-/ Manungsâ ora bisâ ngukup / yèn ora nglakoni panggawé kang tan agawé sartâ ora bisâ sampurnâ sâkâ lumuhing panggawé /-/</p>	<p>4 “Manusia tidak bisa sempurna, jika tidak berbuat yang bebas dari karma (akarma) serta tidak bisa sempurna dengan tidak berbuat (wikarma).”</p>
<p>5 /-/ Sabab sanadyan amung sawatârâ ora ânâ manungsâ kang ora nindaki panggawé margâ lakuné kabèh iki ora kalayan kinarêpaké / wus kagawâ sâkâ wataking prakriti (wiji kang gumêlar ing jagat) /-/</p>	<p>5 “Sebab walaupun hanya sebentar, tidak ada manusia yang lepas dari hukum karma karena semuanya tidak disebabkan oleh kemauan diri, tetapi dari watak prakriti (benih sifat yang ada di alam).”</p>
<p>6 /-/ Sâpâ-sâpâ sanadyan bisâ amisésâ panggawéning pâncâdriyané / nanging pikiré amung amburu kêkarêpané kang klèru / iku sinêbut janmâ munapék /-/</p>	<p>6 “Siapa pun yang dapat mengendalikan panca indranya, tetapi pikirannya selalu tertuju pada kemauan yang salah, itu adalah orang yang ingkar.”</p>
<p>7 /-/ Ananging sing sâpâ nêlukaké pâncâdriyâ lan pikirané / héh atmajaning Kunthi iyâ iku sinêbut bisâ nunggal sarânâ panggawé / margâ ora karêm marang panggawéné /-/</p>	<p>7 “Tetapi, siapa yang mengendalikan panca indra dan pikirannya, wahai Putra Kunthi. Itulah yang dapat bersatu dengan Tuhan dengan jalan perbuatan karena dia tidak terikat pada hasil perbuatannya.”</p>
<p>8 /-/ Sampurnaknâ nggonirâ anindaki panggawé bènêr / sabab iku luwih prayogâ tinimbang ora tumindak ing gawé / lan sirâ ora bisâ rumêksâ jasatirâ / yèn ora nglakoni panggawé /-/</p>	<p>8 “Sempurnakanlah perbuatan yang engkau lakukan, karena itu lebih baik daripada tidak berbuat, dan engkau tidak akan bisa menjaga tubuhmu, jika engkau tidak berbuat.”</p>
<p>9 /-/ Kajâbâ panggawé kang margâ sâkâ kurban / donyâ iki ti- kâcâ 26 - nalèn déning panggawé / mulâ sampurnaknâ kahananing panggawé mau kalis sâkâ karêm /-/</p>	<p>9 “Kecuali, perbuatan dengan mengaturkan kurban (yadnya), dunia ini terikat oleh hukum karma, maka sempurnakanlah perbuatanmu dengan berbuat tanpa pamrih.</p>

Suntingan Standar	Terjemahan
10 /-/ Sawusé manungsâ najèkaké kurban / pangandikanipun Krêsnâ (Prâyâ Pati) / sarânâ iku sirâ bisâ anèkakaké kang dadi pangajapanirâ iyâ iku sapi ngarêp-arêp ¹ /-/	10 Kresna (Praya Pati) berkata, "Setelah manusia mengaturkan yadnya, dengan itulah engkau bisa mendatangkan apa yang menjadi keinginanmu."
11 /-/ Angaturnâ dhêdhaharaning déwâ (kurban) / sarânâ kang mangkono pârâ déwâ bakal aparing pangan ing sirâ / iyâ sarânâ iku sirâ bakal bisâ anggayuh karahayon kang linuhung /-/	11 "Sajikanlah makanan para dewa (kurban), dengan begitu para dewa akan memberimu makan, dengan itulah engkau akan bisa mencapai kebaikan yang tertinggi."
12 /-/ Awit pârâ déwâ kang kinurbanan / bakal paring kasênêngan kang dadi pangarêp-arêpirâ / sing sâpâ ora sarânâ kang mangkono pamalêsing marang sihing déwâ ing dhèwèké / iku têtêp durjânâ /-/	12 "Karena para dewa yang diberi pengorbanan akan memberikan kebahagiaan yang engkau inginkan, tetapi barang siapa yang tidak membalas pemberian dewa kepadanya ia adalah orang jahat."
13 /-/ Wong bêcik pâdhâ bukti sisaning kurban / têmahan luwar sâkâ dosané / nanging wong âlâ / pangan iku kasadhiyakake kanggo karêpé dhéwé / iku diarani mangan piâlâ /-/	13 "Orang baik yang memakan sisa persembahan kurban akan terbebas dari dosa, tetapi orang jahat, persembahan tersebut disediakan untuk kesenangannya sendiri, sesungguhnya mereka memakan hal yang buruk (dosa)."
14 /-/ Sâkâ pangan ananing dumadi / sâkâ udan ananing pangan / sâkâ kurban ananing udan / kurban iku jalaraning panggawé /-/	14 "Semua makhluk ada karena makanan, makanan berasal dari hujan, hujan berasal dari kurban, dan kurban berasal dari perbuatan."
15 /-/ Kawruhânâ yèn panggawé iku tuwuh sâkâ Brahma ⁽²⁾ / lan Brahma sâkâ langgêng / mulané Brahma kang rumasuk ing kahanan iki kabèh ânâ sajroning kurban /-/	15 "Ketaulilah bahwa perbuatan itu berasal dari Brahma, dan Brahma adalah Tuhan, maka Brahma yang ada di dalam semua keadaan ini, berasal dari kurban."

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>16 kâcâ 27 /-/ Dadi sing sâpâ ora anut sajantraning laku / iku dosâ ing uripé / sartâ wong kang tansah angrêrantam kasênêngané / iku uripé tanpâ gunâ /-/</p>	<p>16 "Jadi siapa yang tidak mengikuti hukum karma, dia berdosa dalam hidupnya, serta orang yang selalu mengikuti keinginannya sendiri, hidupnya tanpa guna."</p>
<p>17 /-/ Ananging sujânâ kang wus sênêng ing dalêm Dat / marêm lan têtêrêm / ing dalêm Dat / dhèwèké wus mardikâ / ora ânâ samubarang kang kudu digarap /-/</p>	<p>17 "Tetapi orang yang sudah senang kepada sifatKu, puas dan merasa damai kepada sifatKu, ia sudah bebas, tidak ada lagi hal-hal yang harus dilakukan."</p>
<p>18 /-/ Tumrap dhèwèké wus ora duwé pigunâ tumrap samubarang kang ginarap / lan kang ora ginarap / lan uga dhèwèké ora mèlu marang salah sawijining kahanan ingantaraning dumadi iki kabèh /-/</p>	<p>18 "Baginya sudah tidak ada lagi hal yang harus dilakukan dan hal yang tidak dilakukan, serta dirinya tidak terikat dengan apa pun lagi di dunia ini."</p>
<p>19 /-/ Mulané sampurnaknâ saguning panggawé kang kudu linakonan / âjâ kongsi karêm / sabab panindaking sawijining panggawé kang wus ora karêm / iku saranané / manungsâ anggayuh kang luhur dhéwé /-/</p>	<p>19 "Maka sempurnakanlah perbuatan yang menjadi kewajibanmu jangan mengharapkan hasil dari perbuatanmu, karena berbuat tanpa mengharapkan hasilnya, itulah sarana (agar) manusia bisa mencapai hal yang paling luhur."</p>
<p>20 /-/ Sabab amargâ sâkâ panggawé / Janâkâ lan liyâ-liyané bisâ têkan ing kasampurnan / mangkono uga sajroning sirâ midêr-midêr milang-milang nêdyâ ngayomi manungsâ / iyâ isih kudu nglakoni panggawé /-/</p>	<p>20 "Karena dengan melakukan perbuatan, Janaka dan yang lainnya bisa mencapai kesempurnaan, begitu pula dengan engkau selama bepergian (dan) mengamalkan ilmu untuk mengayomi manusia, (dan juga) masih harus melakukan kewajibanmu."</p>

Suntingan Standar	Terjemahan
21 /-/ Êndi kang linakonan dhêdhuwurané / iku bakal dadining akèh / déné ukur kang diturut/ iku bakal ditulad déning jagat /-/	21 “Apa pun yang dilakukan oleh para pemimpin, itulah yang akan ditiru oleh orang banyak, apa yang menjadi ukuran yang dicontoh akan dilakukan oleh semua orang.”
22 Héh Pritâ Putrâ (Arjunâ) ing Tri Bawânâ iki ora ânâ âpå-âpå kang kudu tak sambut / yèn ora ânâ gê- kâcâ 28 -gayuhan kang durung kagayuh / éwâdéné Ingsun isih nindaki panggawé /-/	22 “Hai Prita Putra (Arjuna), di ketiga dunia ini tidak apa pun yang harus Kulakukan, kalau tidak ada keinginan yang belum terpenuhi, walaupun begitu Aku tetap melakukan perbuatan.”
23 /-/ Sabab yèn Ingsun ora mindêng nindaknâ panggawé / sagunging manungsâ pasthi pâdhâ anut ing salakuning Sun /-/	23 “Karena jika Aku tidak melaksanakan kerja, semua orang pasti akan mengikuti jalanKu.”
24 /-/ Dhuh atmajaning Pritâ / alam iki bakal bisâ sirnâ / yèn Ingsun ora anindaknâ panggawé /-/ Yèn mangkono Ingsun agawé campuring bângsâ kang sabanjuré kabèh manungsâ anêmahi bilahi /-/	24 “Wahai Prita Putra, alam ini akan musnah, jika Aku berhenti berbuat. Jika seperti itu maka Aku merusak para manusia, di mana selanjutnya semua manusia akan binasa.”
25 /-/ Héh Têdhaking Barâtâ / kâyâ wong cubluk yèn karêm marang panggawé kang tinindakaké / mugâ pârâ wicaksânâ ênggoné nindaki gawé tanpå karêm / pangarêp-arêpé panggawéné mau amung dadiâ kamulyaning jagat /-/	25 “Wahai Keturunan Barata, layaknya orang bodoh yang terikat pada hasil perbuatan yang dilakukannya, semoga orang bijaksana dalam berbuat tidak terikat pada hasilnya, dan hasil yang diharapkan semata-mata untuk kesejahteraan dunia.”
26 /-/ Mugâ âjâ kongsi ânâ pârâ wicaksânâ kang ambawuraké budiné pârâ cubluk kang nindaki panggawé / margâ sâkâ karêmé agawé / ananging pârâ wicaksânâ kabèh panggawéné anjalarânâ kasêngsémé pârâ cubluk / lan sarânâ bêkti /-/	26 “Semoga tidak ada orang bijaksana yang mengacaukan pikiran orang-orang bodoh yang berbuat, karena keinginannya terhadap hasil perbuatan, tetapi hendaknya menjadi penyebab orang-orang bodoh tersebut giat berbuat dengan semangat bakti.”

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>27 /-/ Sâkâ lakuné prakriti anané kabèh panggawé banjur pâdhâ tumindak / margâ sâkâ watak mikir anggané pribadi / mulâ banjur tuwuh pangakuné yèn dhèwèké kang agawé /-/</p>	<p>27 "Semua perbuatan itu berasal dari prakriti (sifat Tri Guna), karena pengaruh sifatnya, maka ia menganggap bahwa dirinyalah yang berbuat."</p>
<p>28 /-/ Héh Kang Kawâwâ Pâpâ / sing sâpâ wêruh bêdâ-bédané watêkan panggawé / angirâ lan ngakoni (watêk dumunung ing dalêm watêk) / iku luwar sâkâ bêbandan /-/</p>	<p>28 "Wahai Yang Terikat oleh Dosa, siapa yang dapat membedakan watak dari perbuatan, merasa, dan mengakui (adanya perbedaan watak yang berasal dari alam), dia bebas dari keterikatan."</p>
<p>29 kâcâ 29 /-/ Sing sâpâ kagâwâ wataking prakriti klêru tumindak ing lakuné / iku pratândhâ karêm marang wataké /-/ Sâpâ kang wus sampurnâ / âjâ agawé bingunging pârà cubluk kang durung sumurup marang kasampurnan /-/</p>	<p>29 "Tetapi, siapa yang terbawa oleh watak Tri Guna yang salah, itu pertanda bahwa ia terikat oleh wataknnya. Orang bijaksana (orang yang sudah sempurna), jangan membuat bingung orang-orang bodoh yang belum tahu tentang kesempurnaan."</p>
<p>30 /-/ Saguning panggawé pasrahna maring Sun / ciptanirâ tumanêmâ ing Dat / kanthi tanpâ ngarêparêp / lan pêpénginan / majuâ pêrang sawusé sirnâ gêtêring kamèlikanirâ /-/</p>	<p>30 "Seluruh hasil perbuatanmu serahkan padaKu, arahkanlah pikiranmu padaKu, tanpa pamrih, dan tanpa keinginan, majulah perang setelah hilang gejolak dalam hatimu!"</p>
<p>31 /-/ Manungsâ kang anut pituduh Ingsun iki / kanthi pracâyâ lan ora sêmang-sêmang iku wus luwar sâkâ panggawé /-/</p>	<p>31 "Manusia yang menuruti perintahKu ini, dengan percaya dan tanpa ragu-ragu, maka ia akan bebas dari keterikatan kerja."</p>
<p>32 /-/ Ananging kang manggung sêmang-sêmang lan ora anut pituduh Ingsun mau / sartâ angluputaké sakèhing kawruh / sumurupâ iyâ iku wong kang tanpâ budi /-/</p>	<p>32 "Tetapi, barang siapa yang ragu-ragu dan tidak menuruti perintahKu tadi, serta melupakan ajaranKu, ketahuilah orang itu tanpa kebajikan."</p>

Suntingan Standar	Terjemahan
33 /-/ Wong wicaksânâ amargâ bisâ laras kambi wataké / ujudé iyâ miturut wataké / ing mêngko kapriyé mungguh panggawéné pamurung /-/	33 “Orang bijaksana yang berbuat berdasar wataknya, hasilnya juga berdasar pada wataknya, lalu bagaimana dengan yang tidak melakukannya?”
34 /-/ Dhêmên lan gêthingé marang pêpênginan iku dumunung ing pâncâdriyâ / âjâ nganti ânâ sujanmâ kang mangkono / awit karo pisan iku mungguhé /-/	34 “Suka dan benci pada suatu keinginan itu terletak pada panca indra, jangan sampai ada manusia yang seperti itu, karena itu merupakan sebuah penghalang.”
35 /-/ Luwih bêcik anêtêpi kawajibané dhéwé (darmâ) / sanadyan durung bisâ sampurnâ katimbang bisâ anêtêpi kawajibaning liyan / luwih prayogâ mati sâkâ ênggoné nêtêpi wajibé dhéwé / katimbang wajibing liyan kang kêbak pakéwuh /-/	35 “Lebih baik melaksanakan kewajiban sendiri, walaupun belum bisa sempurna daripada bisa melaksanakan kewajiban milik orang lain, lebih baik mati karena melaksanakan kewajiban sendiri, daripada kewajiban orang lain yang penuh bahaya.”
36 kâcâ 30 /-/ Aturipun Arjunâ /-/ //0// Punâpâ ingkang andadosakên jalaranipun tiyang ingkang anglampahi dosâ ingkang makatên wau / dhuh Têdhaking Wrêsni (sêbutanipun Krêsna) sanadyan tiyang sampun gadhah sêdyâ botên purun / éwâdéné têkâ pinêksâ kémawon /-/	36 Arjuna berkata, “Apa yang menyebabkan orang yang melakukan dosa seperti itu? Wahai keturunan Wresni (julukan Kresna), walaupun orang tersebut sudah tidak menginginkan demikian, seolah-olah seperti dipaksakan untuk berbuat seperti itu.”
37 /-/ Pangandikanipun Krêsna /-/ //0// Iyâ iku kamèlikan iyâ kanêpson / wêtuné sâkâ watêking rajas / anjalari nanduké tindaking tan yêkti / kawruhânâ yèn iku mungsuh kitâ /-/	37 Kresna berkata, “Itulah keinginan, itulah nafsu yang keluar dari watak rajas, penyebab perbuatan yang tidak baik, ketahuilah itu adalah musuh manusia.”

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>38 /-/ Kâyâ déné urub kalimputan ing kukus / lan kâyâ déné kâcâ kang kalimputan ing balêdug / kâyâ déné wiji kang kalimputan ing ari-ari / mangkono rajas ênggoné anglimputi /-/</p>	<p>38 <i>"Layaknya api yang tertutup asap, dan seperti cermin yang tertutup debu, seperti janin yang terbungkus dalam kandungan, seperti itulah rajas memengaruhi manusia."</i></p>
<p>39 /-/ Héh Pandhu Tanâyâ / kawicaksanan iku linimputan ing mungsuh / kang kêna binasakaké langgêng / iyâ iku kang awujud kamèlikan / utâwâ sâkâ pangobaré gêni tanpâ marêm /-/</p>	<p>39 <i>"Hai Putra Pandhu, kebijaksanaan itu tertutupi oleh musuh (nafsu), yang dapat menghilangkan kemurnian, itulah yang berwujud keinginan, atau layaknya kobaran api yang tidak bisa padam."</i></p>
<p>40 /-/ Diarani yèn indriyâ / ciptâ lan budi iku padunungan rajas tamas / sarânâ iku ênggoné anasaraké jiwâ lan anasabi kawicaksanan /-/</p>	<p>40 <i>"Disebut indria, pikiran, dan kecerdasan, itu adalah tempat dari rajas dan tamas, melalui itulah nafsu memenuhi jiwa dan menutupi kebijaksanaan."</i></p>
<p>41 /-/ Sawusé sirâ anêlukaké indriyanirâ / nuli sirnâknâ kang dadi pangrusaking kawicaksanan lan kawruh /-/</p>	<p>41 <i>"Setelah mengalahkan indria, maka musnahkan apa yang menyebabkan rusaknya kebijaksanaan dan ilmu pengetahuan."</i></p>
<p>42 /-/ Ing layang kitâ upanisad / muni: manâwâ indriyâ iku sadhuwuring badan / sadhuwuring indriyâ pikiran / ananging sadhuwuring pikiran iku budi / déné sadhuwuring budi iyâ Panjênêngané /-/</p>	<p>42 <i>"Di dalam kitab kita Upanisad telah disebutkan: bahwa indria itu berada di atas badan, yang lebih tinggi dari indria adalah pikiran, tetapi yang lebih tinggi dari pikiran adalah kecerdasan, dan di atas kecerdasan itulah Atman (roh)."</i></p>
<p>43 kâcâ 31 /-/ Manâwâ Panjênêngané mau luwih gêdhé sâkâ budi / lan pribadiné winasésâ ing Dat / héh Pangrurahing Satru / panitining mungsuh kang awujud kamèlikan iku ora gampang /-/</p>	<p>43 <i>"Jika Atman lebih besar daripada kecerdasan, dan dirinya (Atman) menguasai sifat, hai Penakluk Musuh, untuk mengetahui musuh yang berwujud keinginan (nafsu) itu tidaklah mudah."</i></p>

Suntingan Standar	Terjemahan
//---// Piwulang ingkang kasêbut ing nginggil punikâ winastanan panunggal asarânâ pandamêl /-/	<i>Ajaran yang disampaikan di atas tentang bersatunya Atman dengan Brahman dengan jalan perbuatan.</i>
(1) Lêmbu ingkang sagêd ngêdalakên punapâ ingkang dipunpèngini /-/	(1) <i>Sapi yang dapat mengabdikan semua keinginan.</i>
(2) Ugi sampun kasêbut ing Wédhâ /-/	(2) <i>Juga telah disebutkan dalam Weda.</i>
//0// <i>Wiraosan ingkang Kaping Sakawan /-/</i>	Percakapan Keempat
1 /-/ Pangandikanipun Krêsna /-/ //0// Piwulang panunggal iki wus Ingsun wêdharaké marang Wiwaswan / Wiwaswan marah marang Manu / âpâ déné Manu kang anggêlaraké piwulang mau marang Iswaku /-/ ⁽¹⁾	1 <i>Kresna berkata, "Ajaran tentang kesempurnaan ini sudah pernah Kuajarkan kepada Wiwaswan, oleh Wiwaswan diajarkan kepada Manu, serta Manu yang memberikan ajaran itu kepada Iswaku."</i>
2 /-/ Héh Pangrurahing Satru / tumimbal-timbaling piwulang iku jalarané pârâ wicaksânâ wuningâ marang panunggal / nanging piwulang panunggal mau wus silêp suwé /-/	2 <i>"Hai Penakluk Musuh, begitulah ajaran tentang kesempurnaan itu disampaikan berulang-ulang oleh orang bijaksana, tetapi ajaran tentang kesempurnaan itu sudah lama tidak disampaikan."</i>
3 /-/ Kang Sun warahaké marang sirâ samêngko iki / ora ânâ bédané karo piwulang panunggal ing jaman kinâ / awit sirâ parêk lan Ingsun / utawâ manjing mitraning Sun / sajatiné iku wêwadi kang luhur dhéwé /-/	3 <i>"Apa yang akan Kuajarkan kepadamu nanti, tidak berbeda dengan ajaran kesempurnaan pada zaman dahulu, karena engkau dekat denganKu, atau (merupakan) temanKu, sejatinya itu adalah rahasia yang amat luhur."</i>

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>4 /-/ Aturipun Arjunâ /-//0// Kula ngantos botên sagêd andugi ing pangandikâ Padukâ / awit Padukâ sajârwâ bilih miyos Padukâ ingkang miwiti mêdharakên piwulang wau / mangkâ miyos Padukâ kawon rumiyin déning Wiwaswan /-/</p>	<p>4 Arjuna berkata, "Hamba sampai tidak bisa memahami apa yang Paduka sampaikan, karena Paduka berkata bahwa Padukalah yang menyampaikan ajaran tersebut, padahal Paduka lahir setelah Wiwaswan."</p>
<p>5 kâcâ 32 /-/ Pangandikanipun Krêsna /-//0// Pirang tumimbangan kang wus Sun lakoni ing nguni-uni / âpâ déné sirâ Arjunâ / Ingsun bisâ mêruhi kabèh / ananging sirâ ora bisâ nyumurupi kang mangkono iku /-/</p>	<p>5 Kresna berkata, "Berapa kelahiran yang telah Aku lalui sebelumnya, begitu juga engkau Arjuna, Aku dapat mengetahui semua, tetapi engkau tidak dapat melihat hal yang seperti itu."</p>
<p>6 /-/ Sanadyan Ingsun ora manjalmâ / iyâ jumênêng Dat kang langgêng / utâwâ Gustining dumadi kabèh / mangkono ugâ sanadyan wus mangrèh prakritining Sun pribadi / éwadéné iyâ kalairaké kang margâ sâkâ mayaning Sun dhéwé /-/</p>	<p>6 "Walaupun Aku tidak menjelma (bereinkarnasi), tetaplah Dzat yang abadi, atau Tuhan dari semua yang ada, begitu pula jika Aku telah memerintahkan prakritiKu sendiri, (dan) ketika Aku bereinkarnasi, itu karena kekuatan MayaKu."</p>
<p>7 /-/ Héh Têdhaking Barâtâ / sabab sabên darmâ iku kêndho / utâwâ wudharing darmâ sâyâ andâdrâ / pribadining Sun nuli Sun utus manjalmâ /-/</p>	<p>7 "Wahai keturunan Barata, karena pada saat kebajikan itu memudar, atau rusaknya darma semakin merajalela, Aku akan mengutus diriKu untuk bereinkarnasi."</p>
<p>8 /-/ Kang margâ prêlu angayomi kabêcikan / lan angrurah pialané si angkârâ murkâ / mulâ Ingsun iyâ bakal manjalmâ manèh marambah-rambah /-/</p>	<p>8 "Demi untuk mengayomi kebajikan dan menaklukan keburukan angkara murka, maka Aku akan bereinkarnasi dari masa ke masa."</p>

Suntingan Standar	Terjemahan
9 /-/ Sing sâpâ wêruh kamulyaning manjalmâ lan panggawéning Sun / Arjunâ sawusé aninggal ragané / iku kang bisâ têkan maring Sun / ananging ora linairaké manèh /-/	9 “Barang siapa yang mengetahui kelahiran dan perbuatanKu, Arjuna, setelah meninggal, ia akan sampai kepadaKu, tetapi (ia) tidak akan melahirkan kembali.”
10 /-/ Pârâ kang anyirnakaké angkârâ wêdi lan kanêpsoné / tansâhâ ngèlingi Ingsun / lan ambiyantu marang Ingsun / sarânâ bantêring pangudi (tâpâ) ⁽²⁾ sartâ sêsuci / lantaran kawicaksanaan / ing kono têkan ing kahanan Ingsun /-/	10 “Orang-orang yang (telah) memusnahkan angkara, ketakutan, dan nafsu, ingatlah selalu kepadaKu, dengan membantuKu (dengan) sarana bertapa, serta menyucikan diri, dengan kebijaksanaan, ia akan sampai kepadaKu.”
11 kâcâ 33 /-/ Héh atmajaning Pritâ / sapirâ manungsâ ênggoné nyêdhaki Ingsun / pêsthi yèn samono nggoning Sun anampani dhèwèké /-/ Sakèhing dalam kang liniwatan ing manungsâ sângkâ sarupaning kèblat / iku sâkâ Ingsun /-/	11 “Hai Prita Putra, dengan jalan apapun manusia berusaha mendekatkan diri kepadaKu, dengan jalan itulah aku menerima dirinya. Sekian banyak jalan yang dilewati dengan berbagai cara, (semuanya) itu berasal dariKu.”
12 /-/ Sing sâpâ kapéngin sampurnâ / sajroning panggawéné akurbanâ marang déwâ / amargâ ora watârâ suwé bakal têkan mangsané / donyané manungsâ iki sampurnâ sâkâ panggawé /-/	12 “Barang siapa ingin sempurna (dengan) perbuatan, berkorbanlah kepada dewa, karena tidak lama (kemudian) akan sampai waktunya dunia manusia ini sempurna karena perbuatan itu.”
13 /-/ Bângsâ papat pisan ⁽³⁾ / iku sâkâ Ingsun pinangkané / margâ sâkâ bédaning watak lan panggawé / wêruhâ yèn kang andadèkaké mau Ingsun / sanadyanâ ora nglakoni panggawé utâwâ ora owah gingsir /-/	13 “Keempat bangsa (Catur Warna), itu tercipta olehKu, (yang) disebabkan perbedaan watak dan kewajiban, ketahuilah bahwa Akulah yang menciptakannya, walaupun tidak melakukan kerja atau tidak berubah.”

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>14 /-/ Ingsun bakal ora anindaki panggawé / âpå déné ingatasé Ingsun / ora kâpéngin marang wohing panggawé / sing sâpå ngawruhi Ingsun mangkono / iyâ iku kang wus ora kabândâ déning sarupaning panggawé /-</p>	<p>14 “Aku tidak akan melakukan perbuatan, dan juga Aku tidak menginginkan hasil dari perbuatan, siapa yang mengetahui Aku seperti itu, ia telah bebas dari ikatan perbuatan.”</p>
<p>15 /-/ Margâ wong atuwâ-tuwâ kang padhâ kumacélu ing kamardikan / marmané padhâ nyampurnakaké panggawé / mulâ sirâ nyampurnaknâ panggawé / kâyâ lêkasé parâ pinituwâ ing jaman kunâ /-</p>	<p>15 “Karena orang-orang pada zaman dahulu telah berusaha (untuk) mencapai kebebasan, karenanya mereka berusaha menyempurnakan perbuatannya, maka engkau juga harus menyempurnakan perbuatan, seperti yang dilakukan orang-orang pada zaman dahulu.”</p>
<p>16 /-/ Êndi kang ingaran panggawé / lan êndi kang diarani ora nindaki panggawé / sanadyan parâ winasis / padhâ bingung panampané bab iku / mulané Ingsun nêdyâ nêrangaké panggawé marang si- kâcâ 34 -râ / sarânâ mêruhi iku / sirâ bakal ruwat sâkâ piâlâ /-</p>	<p>16 “Mana yang disebut perbuatan (karma), dan mana yang disebut tidak berbuat (akarma), walaupun orang pandai, juga terbingungkan oleh hal itu, maka Aku akan menjelaskannya kepadamu karena dengan mengetahui hal tersebut engkau akan terbebas dari dosa.”</p>
<p>17 /-/ Sabab panggawé kudu disumurupi bédané / panggawé kang dudu / ugâ kudu winêruhan bédané / âpå déné ora anindaki panggawé iyâ kudu diwêruhi bédané / angèl sinau nyumurupi lakuné panggawé /-</p>	<p>17 “Karena karma harus diketahui perbedaannya, karma yang tidak berbuat (akarma), juga harus diketahui bedanya, begitu juga tidak melakukan karma (wikarma) juga harus dipelajari perbedaannya, (karena) sulit mengetahui perbedaan karma.”</p>

Suntingan Standar	Terjemahan
18 /-/ Sing sâpâ sumurup bab panggawé kang tanpâ agawé / lan kang tanpâ gawé / nanging nyambut gawé / iku wong wicaksânâ / iku wus ngumpul dadi siji / sanadyan dhèwèké anindaknâ sadhéngah panggawé /-/	18 “Siapa yang mengetahui tentang karma tanpa berbuat, dan tanpa bekerja tetapi melakukan kerja, dia adalah orang bijak, itu telah menjadi satu walaupun dirinya melakukan pekerjaannya.”
19 /-/ Sing sâpâ sakèhing lêkasé panggawéné wus sêpi ing kamèlikan / sing sâpâ panggawéné tinunu ing gêni kawicaksanaan / pâra sarjânâ ngarani iku wong wicaksânâ /-/	19 “Siapa yang selalu berbuat tanpa pamrih, siapa yang selalu berbuat dalam jalan kebijaksanaan, orang pandai menyebut ia sebagai orang yang bijaksana.”
20 /-/ Sawusé ora mèlik marang wohing panggawé lan tansah narimâ / sartâ ora nêdyâ ngupâyâ pangayoman liyâ / iku dhèwèké ora manggawé / sanadyanâ nambut gawé /-/	20 “Setelah berbuat tanpa pamrih dan selalu menerima (hasilnya), serta tidak pernah mencari perlindungan yang lain, dia (sejatinya) tidak berbuat apa pun walaupun bekerja.”
21 /-/ Yèn batiné wus ora ngarêp-arêp / amambêng kêkarêpané dhéwé / sartâ sawusé angliyakaké sadhéngah kang migunani awaké / sanadyan badané nindaki panggawé iku wus kalis ing dosâ /-/	21 “Jika hatinya tidak mempunyai keinginan (nafsu), mengendalikan keinginannya sendiri, serta sesudah melepaskan miliknya yang berguna, walaupun tubuhnya melakukan kerja ia sudah terbebas dari dosa.”
22 /-/ Panarimâ kang tinêmuné sarânâ kang mangkono mau lan wus ora duwé sisihan kang kosok bali / ora drêngki / lan wus nganggêp bêgjä utawâ cilâkâ pâdhâ baé / dhèwèké sanadyan nindaki panggawé wus ora kabândâ /-/	22 “Kepuasan yang didapat karena hal tersebut dan tidak ada lagi pemikiran yang berlawanan, tidak iri hati, dan menganggap senang atau susah adalah sama, walaupun ia berbuat (sejatinya) sudah terbebas (dari karma).”

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>23 kâcâ 35 /-/ Sadhêngahâ baé sing sâpâ karêmé wus sirnâ / iyâ iku kang mardikâ / sing sâpâ atiné wus ora kêndho pangikété marang kawicaksanan / iyâ iku kang ingaran mindêng pangudiné / dhèwèké ruwat sâkâ sagunging panggawé /-/</p>	<p>23 “Orang yang keinginannya telah sirna ialah yang telah bebas, siapa yang hatinya terikat oleh kebijaksanaan ialah yang disebut telah terpusat pikirannya, ia telah terbebas dari segala perbuatannya (karmanya).”</p>
<p>24 /-/ Brahma kang nganakaké kurban / iyâ Brahma kang dadi pangan kang dianggo kurban / gêni kang kinurbanaké déning Brahma iyâ marang Brahma / paraning manungsâ kang sêmadi marang Brahma / iyâ ugâ marang Brahma /-/</p>	<p>24 “Brahma yang melakukan kurban, (dan) Brahma yang menjadi makanan yang dikurbankan, api yang dikorbankan oleh Brahma tertuju pula kepada Brahma, tujuan dari manusia bersemadi kepada Brahma juga kepada Brahma.”</p>
<p>25 /-/ Pârâ anglakoni panunggal pâdhâ kurban marang déwâ / ananging liyâ-liyané pâdhâ ngurbanaké ânâ ing gêning Brahma /-/</p>	<p>25 “Orang yang ingin mencapai Tuhan berkorban kepada dewa, tetapi yang lainnya melakukan kurban pada api Brahma.”</p>
<p>26 /-/ Pirâ-pirâ kang pâdhâ kurban pangrungu / liyané pamambêng indriyâ / liyané manèh akurban swârâ / lan sarupané kang magêpokan indriyâ ânâ ing gêning indriyâ /-/</p>	<p>26 “Ada yang (bertapa) mengendalikan pendengarannya, yang lainnya mengendalikan indria, yang lain lagi mengendalikan suara, dan lainnya yang berkaitan dengan indria dalam nafsu indria.”</p>
<p>27 /-/ Ânâ manèh kang kurban pakartining indriyâ lan pakartining urip / sarânâ angurubaké gêni panunggal / ânâ dalam masésâ pribadiné /-/</p>	<p>27 “Ada pula yang mengendalikan kekuatan indria dan kekuatan hidup dengan cara menyalakan api penyatuan, ada jalan untuk mengendalikan dirinya.”</p>

Suntingan Standar	Terjemahan
28 /-/ Ānā manèh kang akurban kasugihan / kurban bantêr pangudi (tāpā brātā) / kurban panunggal / lan kurban pangudi lan kawicaksanan / sartā sêtyā marang sêdyané /-/	28 “Ada pula yang mempersembahkan kekayaan, melakukan tapa brata dalam berkorban, dan (ada) yang mempersembahkan pikiran dan kebijaksanaan serta setia kepada niatnya.”
29 /-/ Liyané manèh kurban nyêrot napas / sajroning ngêtokaké napas / utāwā ngêtokaké napas sajroning nyêrot napas / utāwā ngampêt lêbu wêtoné napas / utāwā nglakokaké sajroning mêngêng napas /-/	29 “Yang lainnya lagi berkorban dengan menghirup napas, ketika mengeluarkan napas atau mengeluarkan napas saat menghirup napas, atau mengendalikan keluar masuknya napas atau melakukan pengendalian napas (pranayama).”
30 kácá 36 /-/ Kajábā iku ānā kang kurban cêgah pangan / akurban napasé urip ing sajroning Gusti / kabèh mau wus sampurnā kurbané / lan wus angruwat dosā sarānā kurban /-/	30 “Selain itu, ada yang berkorban dengan mengurangi makan, berkorban napas kepada Tuhan, semuanya itu sudah sempurna dalam berkorban, dan telah menghapus dosa dengan berkorban.”
31 /-/ Wong kang ngombé banyu urip / utāwā mangan sisané kurban / iku lumaku tumuju ing kalanggênganing Brahma / donyā iki ora kasadhiyakaké marang manungsā kang ora agawé kurban / héh Arjunā kapriyé mungguh liyané/-/	31 “Orang yang meminum air kehidupan atau memakan sisa kurban, ia menuju keabadian Brahma. Dunia ini tidak disediakan untuk manusia yang tidak berkorban, hai Arjuna, bagaimana dengan yang lainnya?”
32 /-/ Mangkono sarananing kurban kang sinajèkaké marang Brahma / kawruhānā manāwā sagunging kurban iku ajalaran panggawé / yèn sirā mēruhi iku mau / sirā bakal antuk pamudharan /-/	32 “Begitulah wujud kurban yang diaturkan kepada Brahma, ketahuilah bahwa semua kurban itu berasal dari karma (kerja), jika engkau memahami hal tersebut engkau akan mendapat pembebasan.”

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>33 /-/ Kang luwih prayogâ sâkâ kurban samubarang kang maujud / iyâ iku kurban kawicaksanan / ora nganggo pinilah salwiring pangawé iku bisâ ruwat ing dalêm kawicaksanan /-/</p>	<p>33 “Yang lebih baik daripada berkorban (yang bersifat) materi adalah kurban ilmu pengetahuan karena berbuat tanpa terkecuali akan dapat mencapai kebebasan.”</p>
<p>34 /-/ Angudiâ kawruh mau kang kongsi katêmu / sarânâ sinau sarânâ nênitèni utâwâ anglakoni / pâra wicaksânâ kang wus ora kasamaran bakal awèh pituduh kawicaksanan ing sirâ /-/</p>	<p>34 “Pelajarilah ilmu tersebut sampai menemukan (kebijaksanaan) dengan belajar, mengingat, atau melakukan, orang bijak yang telah melihat kebenaran akan memberi petunjuk kebijaksanaan kepadamu.”</p>
<p>35 /-/ Yèn sirâ mêruhi iku / sirâ ora bisâ kasasar manèh / héh Pandhu Tanâyâ / sarânâ mau sirâ bakal wêruh sagunging dumadi ing dalêm Dat / utâwâ sarânâ Dat sirâ bakal mêruhi kahananing Sun /-/</p>	<p>35 “Jika engkau (dapat) mengetahui hal itu engkau tidak akan bingung lagi, hai Pandhu Tanaya, dengan (ilmu) tadi engkau akan melihat semua keberadaan dalam Atman atau dengan Atman engkau dapat melihat keberadaanKu.”</p>
<p>36 kâcâ 37 /-/ Sanadyan pidosanirâ ngungkuli sarupaning wong kang nandhang dosâ asarânâ prau kawicaksanan / sirâ bakal bisâ angliwati samodraning piâlâ /-/</p>	<p>36 “Walaupun dosamu melebihi orang yang paling berdosa sekalipun, dengan perahu kebijaksanaan / engkau akan dapat menghindari seluruh kejahatan.”</p>
<p>37 /-/ Kâyâ déné gêni angobong kayu nganti dadi awu / héh Arjunâ / mangkono gêni kawicaksanan ambrasthâ sakèhing pangawé /-/</p>	<p>37 “Layaknya api yang membakar kayu sampai menjadi abu, hai Arjuna, begitulah api pengetahuan membasmi seluruh karma.”</p>
<p>38 /-/ Karânâ ing kéné wus ora ânâ manèh kang utamané ngungkuli kawicaksanan / sawusé anglakoni panunggal kongsi samêktâ / ing kono bakal tinêmu dhéwé sasâna ing dalêm Dat /-/</p>	<p>38 “Karena di sini sudah tidak ada lagi yang keutamaannya melebihi ilmu pengetahuan, setelah melaksanakan penyempurnaan dengan pengetahuan, di sanalah akan menemukan ilmu pengetahuan, di dalam diriKu.”</p>

Suntingan Standar	Terjemahan
39 /-/ Sing sâpâ darbé piandêl / sing sâpâ nganggêp luhur dhéwé / lan sing sâpâ nyêgah kêkarêpané / bakal antuk kawicaksanan / yèn dhèwèké wus anduwèni kawicaksanan / ora antârâ suwé bisa têkan ing katêntreman kang linuhung /-/	39 “Siapa yang mempunyai keyakinan, siapa yang menganggap paling luhur, dan siapa yang mengendalikan nafsu akan mendapat kebijaksanaan, jika dirinya mempunyai kebijaksanaan tidak lama kemudian dapat mencapai ketenteraman yang tertinggi.”
40 /-/ Pârà cubluk tansah sêmang-sêmang lan manggung ora pracâyâ / iku dhèwèké bakal bilahi / sanadyan ing kânâ kéné (donyâ ngakêrat) / ora ânâ kabêgjan kang kêna dinarbé marang kang asêmang-sêmang /-/	40 “Orang-orang bodoh selalu ragu-ragu serta tidak percaya, ia akan celaka karena di sana (maupun)-sini (dunia akhirat), tidak ada kebahagiaan yang diperuntukkan bagi orang yang ragu-ragu.”
41 /-/ Dhuh Risang unggul lawan kasugihan / sing sâpâ nglilakaké sakèhé panggawéné sarânâ panunggal / sêmang-sêmangé wus kabêrat ing kawicaksanan / iku kang wus amêngkoni ora ânâ panggawé kang bisâ ambândâ ing dhèwèké /-/	41 “Wahai Yang lebih unggul dari kekayaan, siapa yang merelakan perbuatannya untuk mencapai kesempurnaan, keragu-raguannya telah terkikis oleh ilmu pengetahuan, itulah yang menyebabkan tidak ada perbuatan yang mengikatnya.”
42 /-/ Mulané sawisé mêngtas sâkâ baliluné / lan angru- kâcâ 38 -wat sêmang-sêmanging ati sarânâ pêdhang kawicaksananing Dat / sumungkuâ ing panunggal / Arjunâ: mulâ ngadêgâ /-/	42 “Maka setelah terbebas dari keragu-raguannya dan terlepas dari kekhawatiran dalam hatinya oleh pedang ilmu pengetahuan, berpijaklah pada kesempurnaan, Arjuna: maka berdirilah!”
//---// Inggang kawêdharakên ing nginggil punikâ / panunggal sarânâ kawicaksanan /-/	Yang telah dijabarkan di atas (adalah) penyatuan diri dengan Tuhan dengan jalan ilmu pengetahuan.
(1) Asmâ-asmâ inggang kapratêlakakên ing nginggil punikâ / jêjulukipun pârà Naréndrâ Têdhaking Suryâ /-/	(1) Nama-nama yang disebutkan di atas tersebut nama para Raja keturunan Surya.

Suntingan Standar	Terjemahan
(2) Mbok manawi pikajèngipun tâpå brâtâ /-/	(2) <i>Mungkin yang dimaksud adalah tapa brata.</i>
(3) Inggih punikâ Brahmânâ / Satriyâ / Wismâ / tuwin Sudrâ /-/	(3) <i>Yaitu, Brahmana, Satriya, Wisma, dan Sudra.</i>
<p> kâcâ 60 //0// Wiraosan ingkang Kaping Sangâ /-/</p>	<p>halaman 60 Percakapan Kesembilan</p>
<p>1 /-/ Pangandikanipun Krêsnâ /-/ //0// Kawicaksanan kang piningit iku / sambungé lan kawruhé mêngko bakal Sun warahaké marang sirâ kang ambêk bêkti kang kongsi sampurnâ / yèn sirâ anyumurupi / iyâ iku saranané sirâ kalis ing piâlâ /-/</p>	<p>1 <i>Kresna berkata, “Ilmu pengetahuan yang rahasia itu, semuanya nanti akan Kuajarkan kepadamu yang selalu berbakti dengan sempurna, jika engkau mengetahuinya maka engkau akan terbebas dari dosa.”</i></p>
<p>2 /-/ Luhur-luhuring kawruh wadi kang luhur / iku praboting kasukcian kang luhur / cocog lan anggêr-anggêr (darmâ) âpå déné langgêng / gampang katindakaké /-/</p>	<p>2 <i>“Pengetahuan suci yang paling rahasia, itu (merupakan) alat kesucian yang tertinggi, cocok, dan kebenaran yang abadi (serta) mudah untuk dilakukan.”</i></p>
<p>3 /-/ Héh Pangrurahing Satru / sakèhing manungsâ kang ora pitâyâ marang darmâ / dhèwèké ora têkan maring Sun / bali manèh marang dalan lair marambah-rambah /-/</p>	<p>3 <i>“Hai Penakluk Musuh, sekian banyak manusia yang tidak percaya terhadap darma, mereka tidak akan sampai kepadaKu, (akan) kembali pada jalan kelahiran yang berulang-ulang (reinkarnasi).”</i></p>
<p>4 /-/ Jagat iki / iyâ kang winaragan déning kang ora gumêlar / kâcâ 61 kabèh katarambas déning Sun / ananging Ingsun ora dumunung ânâ sajroning iku mau /-/</p>	<p>4 <i>“Dunia ini terlimpiti oleh (wujudKu) yang tidak nyata, semuanya terlimpiti olehKu, tetapi Aku tidak berada di dalamnya.”</i></p>

Suntingan Standar	Terjemahan
5 /-/ Lan wujud iku kabèh iyà ora ànà sajêroning Sun / sanadyan Ingsun nyànggà kahanan iki kabèh / ananging Ingsun ora dumunung sajroning kahanan mau / Dating Sun kamulané kahanan kabèh iku /-/	5 <i>“Dan semua wujud itu tidak ada di dalamKu, walaupun Aku menopang semua keadaan ini, tetapi Aku tidak berada di dalam keadaan itu, DzatKu sumber dari semua keadaan itu.”</i>
6 /-/ Piyarsaknà / kâyà déné hâwà kang tansah gêtêr ing saparanparan / ing Amun-amun (Ètêr) / mangkono kahanané iki kabèh pamanggèné ing jêroning Sun /-/	6 <i>“Ketahuilah, layaknya udara yang selalu bergerak ke mana pun di angkasa, begitulah semua keadaan yang ada di dalam diriKu.”</i>
7 /-/ Héh atmajaning Kunthi / sagunging kahanan iki bakal tumamèng prakritining Sun / manâwà wus têkan pungkasaning mângsà kadunyan (kalpà) / ing nalikà wiwité mângsà kadunyan (kalpà) / dhèwèké Sun wêtokaké manèh /-/	7 <i>“Hai Putra Kunthi, seluruh keadaan ini akan berada dalam wujudKu, jika telah tiba akhir zaman, (dan) pada saat dimulainya zaman, mereka akan Kuciptakan lagi.”</i>
8 /-/ Sawusé dumadi prakriti sâkà Ingsun / sabên-sabên nggoning Sun ngêtokaké manèh sagunging kalumpukaning kahanan mau ora sâkà karêpé / nanging sâkà dayaning prakriti /-/	8 <i>“Setelah tercipta sifat Tri Guna dariKu, setiap kali Aku menciptakan semua keadaan tersebut bukan dari keinginan, tetapi dari pengaruh Tri Guna.”</i>
9 /-/ Ah / kang unggul lan kasugihan / Ingsun ora kabândà déning panggawé iku kâyà déné wus mungkur ora karêm marang panggawé mau /-/	9 <i>“Ah, Yang lebih unggul dari kekayaan, Aku tidak terikat oleh perbuatan itu, layaknya telah terbebas dari nafsu perbuatan tersebut.”</i>
10 /-/ Prakriti ênggoné tansah nganakaké kang obah lan ora obah iku sarânà pangrêksaning Sun / o / atmajaning Kunthi / mulané Alam iki nyâkrà panggilingan /-/	10 <i>“Sifat-sifat yang bergerak atau tidak bergerak itu karena perlindunganKu, oh, Putra Kunthi, maka dari itu alam ini layaknya roda yang berputar.”</i>

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>11 kâcâ 62 /- Pâra sasar ora mêruhi maring Sun / katutupan déning kawujudaning Sun manungsâ (wataking manas asor) / ora ngyêktèni wêwatêkaning Sun kang luhur / iyâ Gustining dumadi kabèh /-/</p>	<p>11 "Orang-orang bodoh tidak menghiraukan Aku, karena tertutupi oleh wujud manusiaKu (sifat dari kebodohan), tidak mengetahui sifatKu yang luhur, yaitu Tuhan dari alam semesta."</p>
<p>12 /-/ Sanadyan anduwèni pangarêp-arêp bêcik / manggawé bêcik / lan andarbèni kawruh bêcik / nanging tanpâ mangudi sartâ pâdhâ anut lakuning sétan / lan anyulayani prakriti /-/</p>	<p>12 "Walaupun mempunyai harapan yang baik, berbuat baik, dan mempunyai ilmu yang baik, tetapi tidak mengamalkannya serta mengikuti perbuatan setan, dan tidak sesuai dengan sifat prakriti."</p>
<p>13 /-/ Héh Pandhu Tanâyâ / ananging Sang Mahatmâ anut watêking Sun / pangèsthiné ora liyâ muhung maring Sun / Sang Minulyâ mau wêruh yèn Ingsun tuké kabèh dumadi kang langgêng /-/</p>	<p>13 "Hai Pandhu Tanaya, tetapi orang yang berjawa mulia mengikuti sifatKu, niatnya hanya tertuju kepadaKu, orang tersebut mengetahui jika Aku sumber dari segala makhluk yang abadi."</p>
<p>14 /-/ Sing sâpâ agawé karênaning Sun / santosâ sêmanggêmé maring Sun / mahargyâ kalayan bakti lan angangkah nunggal / iku ingaran mêmui maring Sun /-/</p>	<p>14 "Siapa membuatKu senang teguh keyakinannya kepadaKu, mengabdikan dengan penuh bakti, dan berkeinginan menyatu (denganKu) itu disebut memuja kepadaKu."</p>
<p>15 /-/ Déné liyané kang pâdhâ kurban kawruh / sanadyan nganggêp Ingsun siji / utâwâ pirâ-pirâ lan ânâ ing ngèndi-èndi iku ugâ angaluhuraké maring Sun /-/</p>	<p>15 "Sedangkan, lainnya yang berkorban ilmu, walaupun menganggap Aku satu, atau berapa pun, dan ada di mana-mana, itu juga mengagungkan Aku."</p>

Suntingan Standar	Terjemahan
16 /-/ Miturut layang Wédhã / Ingsun iki kurban / yèn ing layang liyané Ingsun kang kinurbanaké / Ingsun banyu kang kinurbanaké / Ingsun têtuwuhan kang kinurbanaké / iyã Ingsun mantram / martégã kang dianggé kurban / lan gêni sartã panggawé kang kinurbanaké Ingsun /-/	16 “Berdasar Kitab Weda, Aku adalah kurban (yadnya), jika dalam kitab lainnya Aku yang dipersembahkan, Aku air yang diaturkan, Aku tumbuhan yang dipersembahkan, Akulah mantra, mentega yang dipersembahkan, dan api, serta perbuatan yang dipersembahkan (adalah) Aku.”
17 /-/ Ingsun bãpã babuné éyangé iki kabèh / lan kang nyanggã kabèh iki / praboting kasucian / iyã iku kang ku- kacã 63 -du disumurupi / mangkono ugã têtêmbungan / Om / lan Rg Wédhã / Sama Wédhã / Yajur Wédhã /-/	17 “Aku (adalah) ayah, ibu, dan kakek dari semuanya, dan yang menopang semuanya, alat dari kesucian, itulah yang harus diketahui, begitu pula mantra, Om, serta Rg Weda, Sama, Weda, Yajur Weda.”
18 /-/ Ingsun gégayuhan / kang ngupakâra / iyã Gusti kang ngudanéni / iyã padunungan / iyã kang dadi pangungsèn / mitrã kang murwani / kang mékasi / têtalés / gêdhong rãjã brãnã / iyã wiji kang langgêng /-/	18 “Aku adalah tujuan yang mengemban (segalanya), yaitu Tuhan yang Maha Mengetahui, Akulah tempat (kediaman), Aku yang menjadi tempat berlindung, teman yang mengawali (dan) mengakhiri, landasan, kekayaan, (dan) benih yang abadi.”
19 /-/ Ingsun kang awèh panas / Ingsun kang ngandhêg lan nurunaké udan / Ingsun kang ora mati / lan pati Ingsun iyã kang ânã / lan ora ânã / Arjunã /-/	19 “Aku yang memberi kehangatan, Aku yang menahan dan menurunkan hujan, Aku tidak mati, dan kematianKu (adalah) yang ada, dan tidak ada, Arjuna.”
20 /-/ Kang sãpã mêruhi layang Wédhã têtêlu mau / angumbé somã (pêrésaning têtuwuhan kang ginawé kurban) / iku rinuwat sãkã dosané / mahargyã maring Sun / sarãnã kurban anjaluk lumêbu ing Swargã / iku kang têkan ing alam kang mulyã / ing Alamé Ratuning Jawatã /-/	20 “Barang siapa yang mengetahui ketiga kitab Weda tersebut, meminum sari soma (air perasan dari tumbuhan yang dipersembahkan), dia terbebas dari dosanya, mengabdikan kepadaKu, dengan berkorban memohon jalan ke surga, ia akan sampai ke alam yang luhur, di alam para dewa.”

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>21 /-/ Dhèwèké kang ngrasakaké kamulyan ânâ ing Swargâ / sawusé panggawé kabêcikané iku êntèk / binalèkaké marang jagaté wong kang kêna ing pati / margâ dhèwèké anut piwulang Wédhâ têtêlu mau bakal mati sartâ urip / krânâ anganakaké pangarêp-arêp /-/</p>	<p>21 <i>"Dia yang merasakan kenikmatan di surga, setelah kebajikannya habis, akan dikembalikan ke alam manusia, karena mereka yang mengikuti ajaran ketiga Weda tersebut akan mati dan hidup karena (masih) memiliki keinginan."</i></p>
<p>22 /-/ Sujanmâ kang wus ora mikir liyané kajâbâ angluhuraké Ingsun / iyâ kang wus ora maro tingal / Ingsun maringaké kamulyaning panunggal marang dhèwèké /-/</p>	<p>22 <i>"Manusia yang sudah tidak memikirkan hal lain selain mengagungkanKu, yaitu yang pikirannya selalu tertuju kepadaKu, Aku berikan kesempurnaan yang tinggi kepadanya."</i></p>
<p>23 /-/ Dhuh / Arjunâ / sanadyan kang pârâ anut / kanthi kaèbê- kâcâ 64 -kan piandêl / lan pangaji-aji tumrap agâmâ liyané iku ugâ angluhuraké Ingsun / sanadyan dhèwèké mau anyulayani layang-layang kunâ /-/</p>	<p>23 <i>"Wahai, Arjuna, walaupun para pemujaKu dengan penuh kepercayaan dan mengagungkan ajaran agama yang lainnya, itu juga mengagungkan Aku, walaupun ia tidak mengikuti (ajaran) kitab-kitab kuno."</i></p>
<p>24 /-/ Awit Ingsun tukang dhahar kurban / lan ugâ Gustiné / nanging dhèwèké ora sumurup kahananing Sun kang sajati / mulané dhèwèké pâdhâ katiwasan /-/</p>	<p>24 <i>"Karena Aku (adalah) penikmat persembahan, dan juga Tuhannya, tetapi mereka yang tidak mengetahui keadaanKu yang sejati maka mereka (akan) celaka."</i></p>
<p>25 /-/ Sing sâpâ angluhuraké pârâ Jawâtâ / iyâ bakal têtan ing déwâ / sing sâpâ angluhuraké pitri (lêluhur utawi Gustinipun sadâyâ manungsâ) iyâ ugâ manjing kono / manungsâ kang kurban marang pârâ Èlèmental (rupâ Déwâtâ) / iya manjing Èlèmental / ananging kang kurban maring Sun / iyâ maring Sun /-/</p>	<p>25 <i>"Siapa yang mengagungkan para dewa maka akan sampai pada dewa, siapa yang mengagungkan leluhurnya akan sampai pada leluhurnya, manusia yang berkorban kepada roh suci akan sampai pada roh suci, tetapi siapa yang berkorban kepadaKu akan sampai kepadaKu."</i></p>

Suntingan Standar	Terjemahan
26 /-/ Dhèwèké kang amisusung sarānā kurban / godhong / kembang / woh-wohan / lan banyu maring Sun / kang ènggoné nyaosaké kalayan bakti / iku Sun tampani / margā wus dak anggêp sukci kahanané /-/	26 “Mereka yang berbakti dengan cara berkorban daun, bunga, buah-buahan, dan air kepadaKu, mengaturnya dengan bakti, itu Kuterima karena telah Kuanggap suci keadaannya.”
27 /-/ Āpā kang sirā sambut / āpā kang sirā pangan / āpā sirā kang sirā kinurbanaké / āpā kang sirā wènèhaké / kang kalêksanané sarānā bakti iku / lah atmajaning Kunthi / ijabnā kāyā pibusung maring Sun /-/	27 “Apa yang engkau kerjakan, apa yang engkau makan, apa yang engkau persembahkan, apa pun yang engkau persembahkan dengan cara berbakti, hai Putra Kunthi, persembahkanlah layaknya memuja kepadaKu.”
28 /-/ Dadi sirā luwar sākā wohing panggawé / nadyan ālā lan bécik / krānā iku bêbandaning panggawé / kalayan pribadiné kācā 65 wus dadi siji / sākā panunggal sarānā sèlèh panggawé / sirā bakal mardikā lan tēkan maring Sun /-/	28 “Sehingga engkau bebas dari belunggu karma, walaupun (hasilnya) buruk dan baik, karena itu hasil dari karma, dan dirinya telah bersatu, menyatu dengan jalan melepaskan ikatan karma, engkau akan bebas dan sampai kepadaKu.”
29 /-/ Panganggêp Ingsun marang sakabèhing dumadi pādḥā baé / ingatasé Ingsun ora gèthing / ugā ora dhēmèn / ananging sing sâpā angluhuraké Ingsun sarānā bakti / sujanmā mau ānā jêroning Sun / lan Ingsun ānā jêroning dhèwèké /-/	29 “Aku menganggap sama terhadap semua makhluk, tidak ada yang Kubenci, dan juga (tidak ada) yang Kusenangi, tetapi siapa yang mengagungkan Aku dengan penuh pengabdian, manusia tersebut ada padaKu, dan Aku ada di dalam dirinya.”
30 /-/ Sanadyan tumêkā wong kang ambêké ālā / ananging angaji-aji maring Sun / lan ora ngidhêp liyané / dhèwèké iyā kagolong bécik / awit anduwèni kékêncêngan kang bènèr /-/	30 “Bahkan terhadap orang yang sifatnya jahat, tetapi mengagungkan Aku dan tidak memikirkan hal lainnya, ia termasuk orang baik karena memiliki kepercayaan yang benar.”

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>31 /-/ Dhèwèké mēsthi bakal tumuli bêcik / lan tumuju marang katêntremān / kang langgēng / dhuh Pandhu Tanāyā / sirā pêsthi sumurup yèn kang ngidhêp Ingsun iku ora kêblasuk /-/</p>	<p>31 "Mereka pasti akan menjadi baik dan mencapai ketenteraman yang abadi, hai Pandhu Tanaya, engkau pasti mengetahui jika yang menyembah Aku itu tidak tersasar."</p>
<p>32 /-/ Héh atmajaning Pritā / karānā pangayomé maring Sun / nadyan kang lairé nandhang dosā / kāyātā wong wadoné bāngsā kaping tēlu lan kaping pat / malah bisā anggayuh dalam kang luhur /-/</p>	<p>32 "Hai Putra Prita, karena yang berindung kepadaKu, walau terlahir dari golongan yang rendah, seperti (dari) perempuan kasta ketiga dan keempat, justru dapat mencapai jalan yang tertinggi."</p>
<p>33 /-/ Pirā-pirā Brahmānā kang sukci lan pārā wicaksānā kang bakti / mulané sirā angidhêpā maring Sun / margā sirā anèng alam kang ora langgēng lan cilākā iki (ing dunyā) /-/</p>	<p>33 "Banyak para Brahmana suci dan orang bijak yang berbakti maka engkau memujalah padaKu, karena engkau berada di alam yang tidak kekal dan penuh duka (di dunia)!"</p>
<p>34 /-/ Pikirirā lēboknā ing jēroning Sun / tansah anēmbahā maring Sun / kurbanā maring Sun / sumungkēmā ing ayunaning Sun / yèn mangkono / sirā bakal tēkan lan dadi siji karo Ingsun / tēkan ing Dat sartā tēkan gēgayuhan kang luhur iyā Ingsun /-/</p>	<p>34 "Pusatkanlah pikiranmu kepadaKu, berbaktilah kepadaKu, berkorbanlah kepadaKu, bersujudlah kepadaKu, dengan begitu, engkau akan sampai dan bersatu denganKu, sampai pada Brahman serta sampai pada tujuan yang tertinggi, yaitu Aku."</p>
<p> kâcâ 66 //---// Ingang winêdharakên wau / piwulang panunggal sarānā kawruh kang luhur / tuwin wêwados kang luhur /-/</p>	<p>halaman 66 Yang diajarkan tadi, ajaran bersatu dengan Tuhan dengan jalan ilmu pengetahuan yang tinggi dan rahasia terbesar.</p>
<p> kâcâ 83 //0// Wiraosan ingkang Kaping Kalih Wêlas /-/</p>	<p>halaman 83 Percakapan Kedua Belas</p>

Suntingan Standar	Terjemahan
1 /-/ Aturipun Arjunâ /-//0// Tiyang bakti ingkang dados satunggal / sartâ angaji-aji ingkang ugi angluhurakên Padukâ / utawi angluhurakên ingkang langgêng / tuwin ingkang botên gumêlar / yogi wau pundi ingkang langkung prayogi /-/	1 Arjuna berkata, “Bhakta yang bersungguh-sungguh (menyembah) serta memujaMu yang juga mengagungkan Paduka atau mengagungkan Yang Kekal, serta Yang Abstrak, Yogi manakah yang lebih baik?”
2 /-/ Pangandikanipun Krêsna //0// Sing sâpâ pikiré tumuju maring Sun / kang tansah nunggal sartâ angluhuraké Ingsun / kang ênggoné ngèlingi Ingsun mau jinarwâ déning piandélé / iku panunggal kang prayogâ /-/	2 Kresna berkata, “Siapa yang pikirannya terpusat kepadaKu, yang bersungguh-sungguh (memuja), serta mengagungkanKu, yang selalu mengingatKu berdasar keyakinan, itulah cara bersatu (yoga) yang lebih baik.”
3 /-/ Ananging sing sâpâ tansah angluhuraké kang ora owah gingsir / kang ora tamtu / kang ora gumêlar / lan kang ngèndi-èndi ânâ / kang ora kênâ kinirâ-kirâ / lan ajêg baé utâwâ ora obah /-/	3 “Tetapi, siapa yang selalu mengagungkan Yang Tak Berubah, Yang Tidak Tetap, Yang Abstrak, dan Yang Ada di mana-mana, Yang Tak Tak Terpikirkan, dan Yang Tetap atau Tak Bergerak.”
4 /-/ Sawusé mambêng sakèhing indriyané / lan ora ambédakaké sakabèhé / bungah mungguh karahayoné kabèh kahanan / iku ugâ tèkâ maring Sun /-/	4 “Setelah mengendalikan seluruh indranya dan tidak membedakan segalanya, senang akan kesejahteraan dalam segala keadaan, ia juga sampai kepadaKu.”
5 /-/ Sing sâpâ ciptané tumuju marang kang ora gumêlar / gèdhé ba- kâcâ 84 -ngêt pakèwuhé / sabab bisané anggayuh dalam kang ora gumêlar tumrap wong kang isih nganggo raga / iku mâwâ sangsârâ /-/	5 “Siapa yang pikirannya terpusat kepada Yang Tak Berwujud, besar sekali kesulitannya karena untuk dapat mencapai jalan (kepada) Yang Tak Berwujud oleh orang yang masih menggunakan badan jasmani, itu dengan penderitaan.”

Suntingan Standar	Terjemahan
<p>6 /-/ Ananging sing sâpâ kabèh panggawéné pinasrahaké maring Sun / nganggêp Ingsun Kang Mâhâ Luhur / kanthi santosâ panunggalé ing dalêm pamêlêng / iku angluhuraké Ingsun /-/-</p>	<p>6 “Tetapi, siapa yang seluruh (hasil) perbuatannya diserahkan kepadaKu, menganggap Aku Yang Maha Tinggi, dengan bersungguh-sungguh memujaKu dalam pikirannya, itu (maksudnya) mengagungkan Aku.”</p>
<p>7 /-/ Lah Pritâ Putrà / sing sâpâ pangèsthiné tumuju maring Sun / ora watârâ suwé Ingsun bakal asung pamudharan marang dhèwèké sâkâ samodraning pati lan ubênging tumimbal lair /-/-</p>	<p>7 “Hai Prita Putra, siapa yang pikirannya tertuju padaKu, tidak lama (kemudian) Aku akan membebaskannya dari belenggu kematian dan kelahiran yang berulang-ulang.”</p>
<p>8 /-/ Pikirirâ lèboknâ sakjroning Sun / budinirâ tumujuâ maring Sun / uwis mèsthi / sirâ ing tèmbé dumunung ing jêroning Sun /-/-</p>	<p>8 “Pusatkanlah pikiranmu kepadaKu, arahkan kecerdasanmu kepadaKu, sudah pasti engkau akan berada di dalam (diri)Ku.”</p>
<p>9 /-/ Ananging manâwâ pikiré marang Ingsun durung bisâ santosâ / Arjunâ / banjur ngangkahâ têkan Ingsun / sarânâ sinau anunggal /-/-</p>	<p>9 “Tetapi, jika engkau belum sanggup membawa pikiranmu kepadaKu, Arjuna maka berusaha agar sampai kepadaKu, dengan cara belajar memusatkan pikiran.”</p>
<p>10 /-/ Yèn sirâ ugâ isih durung bisâ nglakoni / cukup sarupaning panggawènrâ / lèladi maring Sun samêktanânâ / yèn sirâ anindaki saguning panggawé kang margâ Ingsun / iyâ bakal bisâ anggayuh kasampurnan /-/-</p>	<p>10 “Jika engkau belum juga dapat melaksanakannya, cukup dengan berbuat untuk melayani Aku, jika engkau melakukan perbuatan demi Aku, (engkau) akan dapat mencapai kesempurnaan.”</p>
<p>11 /-/ Yèn sirâ ugâ isih durung bisâ nglakoni mangkono / banjur anglakonânâ mangrèh pribadinirâ / angêdohânâ wohing kabèh panggawé /-/-</p>	<p>11 “Jika engkau belum dapat berbuat seperti itu, maka yang harus engkau lakukan adalah menjauhi hasil dari seluruh perbuatanmu.”</p>

Suntingan Standar	Terjemahan
12 /-/ Kawruh iku angungkuli sinau / kang ngluwih iku pamêlêng / kang ngungkuli pamêlêng iku angêdohi kabèh panggawé- kâcâ 85 -né / sawusé pisah sâkâ wohing panggawé / sirâ banjur tumuli antuk katêntreman /-	12 <i>“Ilmu pengetahuan itu lebih tinggi dari belajar, yang melebihi ilmu adalah pikiran, yang lebih tinggi dari pikiran adalah menjauhi seluruh perbuatan, setelah terbebas dari hasil perbuatan engkau akan mendapat kedamaian.”</i>
13 /-/ Sing sâpâ ora gêthing / sartâ wêlas asih marang sawiji-wijining dumadi tanpâ pêpênginan lan kamurkan / dhêmên ngapurâ nganggêp lârà lan prihatin pâdhâ baé /-	13 <i>“Siapa yang tidak membenci serta welas asih pada seluruh makhluk, tanpa keinginan, dan keakuan, pemaaf, menganggap sakit dan kesusahan adalah sama.”</i>
14 /-/ Tansah narimâ / anggung anglakoni panunggal / angrèh pribadiné / sêtyâ tuhu / pikir lan budiné tumuju lan nunggal maring Sun / bakti kang mangkono mau pratândhâ asih maring Sun /-	14 <i>“Selalu menerima dalam melakukan penyatuan dengan tubuhnya, setia, pikiran dan kecerdasannya terpusat dan bersatu padaKu, bakti yang seperti itu pertanda cinta kepadaKu.”</i>
15 /-/ Sing sâpâ wus ora kéguh déning kadonyan / lan kang ora munasikâ ing donyâ / sâpâ kang wus uwas sâkâ êndêming kasênêngan / nêpsu / lan wêdi / iku dhèwèké asih maring Sun /-	15 <i>“Siapa yang tidak terpengaruh oleh keduniawian dan yang berkarma di dunia, siapa yang telah lepas dari kenikmatan, nafsu, dan rasa takut, ialah yang cinta kepadaKu.”</i>
16 /-/ Sing sâpâ tanpâ pangarêp-arêp / sukci / pintêr / sêpi ing pamrih / lan kang sâpâ kuwuré wus sirnâ / sèlèh sakliring panggawé / bakti kang mangkono iku asih maring Sun /-	16 <i>“Siapa yang tanpa keinginan, suci, pandai, tanpa pamrih, dan siapa yang kebingungannya telah sirna, menyerahkan seluruh (hasil) perbuatannya, bakti yang seperti itulah yang cinta kepadaKu.”</i>

Suntingan Standar	Terjemahan
17 /-/ Sing sâpâ ora duwé bungah utawâ gêthing / ora sêdhih / utawâ ora duwé pénginan / âlà bêcik pinasrahaké kaèbêkan bakti / iyâ iku asih maring Sun /-/	17 “Siapa yang tidak memiliki rasa suka atau benci, tidak sedih, atau tidak memiliki keinginan, baik dan buruk diserahkan dengan penuh bakti, itu (maksudnya) cinta padaKu.”
18 /-/ Sing sâpâ ora ambédakaké mungsuh lan mitrâ / pangaji-aji lan panyamah adhêm lan panas / sêdhih lan lârà wus pâdhâ baé / luwar sâkâ ing karêm /-/	18 “Siapa yang tidak membedakan musuh dan teman, sanjungan dan hinaan, dingin dan panas, sedih dan sakit dianggap sama, terbebaslah dari keterikatan.”
19 /-/ Sing sâpâ ora ambédakaké panacad lan pangalêm / antêng / narimâ âpâ kang tinâmpân / ora omah-omah sa- kâcâ 86 -ntosâ pikiré / kaèbêkan ing bêkti / wong mau asih maring Sun /-/	19 “Siapa yang tidak membedakan hinaan dan pujian, tenang, menerima apa yang dialami, pikirannya tidak menetap (pada satu hal), penuh dengan bakti, orang tersebut cinta padaKu.”
20 /-/ Sing sâpâ têmên mangudi anggêr-anggêr kang langgêng iyâ kang ing kéné winarahaké / kalayan pracâyâ / kang mangkono mau bangêt asih maring Sun /-/	20 “Siapa yang bersungguh-sungguh memuja Yang Kekal, yaitu yang menjadi tujuan, dengan penuh keyakinan, yang seperti itulah yang sangat cinta padaKu.”
//---// In kang kawulangakên wau panunggal sarânâ bêkti / (panêmbah) /-/	Yang diajarkan tadi (adalah) cara mencapai kesempurnaan dengan jalan bakti (penyembah).”.

Tabel 27. Pedoman Piwulang dan Konsep Falsafah Hidup *Catur Marga Yoga*

No.	Wujud Piwulang	Data	Falsafah Hidup	Keterangan
1.	Manunggal dengan Tuhan melalui jalan kerja (<i>Karma Marga Yoga</i>)	<i>/-/ Sabab sanadyan amung sawatârâ ora ânâ manungsâ kang ora nindaki panggawé margâ lakuné kabèh iki ora kalayan kinarêpaké / wus kagâwâ sâkâ wataking prakriti (wijji kang gumêlar ing jagat) /-/ (Teks PP, Sloka 5)</i>	Berbuat merupakan kewajiban manusia	Karena walaupun hanya sebentar saja tidak ada manusia yang tidak melakukan perbuatan
		<i>/-/ Ananging sing sâpâ nêlukaké pâncâdriyâ lan pikirané / héh atmajaning Kunthi iyâ iku sinêbut bisâ nunggal sarânâ panggawé / margâ ora karêm marang panggawéné /-/ (Teks PP, Sloka 7)</i>	Berbuat dengan mengendalikan nafsu	Siapa yang dapat mengendalikan panca indra dan pikirannya
		<i>/-/ Angaturnâ dhêdhaharaning déwâ (kurban) / sarânâ kang mangkono pârà déwâ bakal aparing pangan ing sirâ / iyâ sarânâ iku sirâ bakal bisâ anggayuh karahayon kang linuhung /-/ (Teks PP, Sloka 11)</i>	Melakukan <i>yadnya</i>	Mengaturkan makanan bagi para dewa

No.	Wujud Piwulang	Data	Falsafah Hidup	Keterangan
		<p><i>/-/ Mulané sampurnakná sagunging panggawé kang kudu linakonan / âjâ kongsi karêm / sabab panindaking sawijining panggawé kang wus ora karêm/ iku saranané / manungsâ anggayuh kang luhur dhéwé</i></p> <p><i>/-/ (Teks PP, sloka 19)</i></p>	<p>Berbuat tanpa pamrih</p>	<p>Melakukan perbuatan yang telah terbebas dari hasilnya itu adalah sarana manusia mencapai hal yang paling luhur</p>
		<p><i>/-/ Héh Kang Kawâwâ Pâpâ / sing sâpâ wêruh béda-bédané watêkan panggawé / angirâ lan ngakoni (watêk dumunung ing dalêm watêk) / iku luwar sâkâ bêbandan /-/ (Teks PP, Sloka 28)</i></p>	<p>Berbuat berdasar <i>Tri Guna</i></p>	<p>Siapa yang mampu melihat perbedaan watak/sifat</p>
<p>2.</p>	<p>Manunggal dengan Tuhan melalui jalan ilmu pengetahuan (<i>Jñana Marga Yoga</i>)</p>	<p><i>/-/ Sing sâpâ wêruh kamulyaning manjalmâ lan panggawéning Sun / Arjunâ sawusé aninggal ragané / iku kang bisa têtan maring Sun / ananging ora linairaké manèh /-/ (Teks PK, Sloka 9)</i></p>	<p>Mengetahui kemuliaan Tuhan</p>	<p>Siapa yang melihat kemuliaan penjelmaan dan apa yang dikerjakan oleh penjelmaan Tuhan</p>

No.	Wujud Piwulang	Data	Falsafah Hidup	Keterangan
		<p><i>/-/ Héh atmajaning Pritâ / sapirâ manungsâ ênggoné nyêdhaki Ingsun / pêsthi yèn samono nggoning Sun anampani dhèwèké /-/ Sakèhing dalam kang liniwatan ing manungsâ sângkâ sarupaning kèblat / iku sâkâ Ingsun /-/ (Teks PK, sloka 11)</i></p>	<p>Jalan Panunggal (Jalan Kesempurnaan)</p>	<p>- Bagaimana manusia mendekatiKu, begitulah Aku menerima dirinya - Banyaknya jalan yang dilalui oleh manusia dari semua keyakinan</p>
		<p><i>/-/ Êndi kang ingaran panggawé / lan êndi kang diarani ora nindaki panggawé / sanadyan pârà winasis / pâdhâ bingung panampané bab iku / mulané Ingsun nêdyâ nêrangaké panggawé marang sirâ / sarânâ mêruhi iku / sirâ bakal ruwat sâkâ pialâ /-/ (Teks PK, sloka 16)</i></p>	<p>Ilmu tentang Karma</p>	<p>Maka Aku jelaskan (ilmu) tentang karma kepadamu</p>
		<p><i>/-/ Mangkono sarananing kurban kang sinajèkaké marang Brahma / kawruhânâ manâwâ sagunging kurban iku ajalaran panggawé / yèn sirâ mêruhi iku mau / sirâ bakal antuk pamudharan /-/ (Teks PK, sloka 32)</i></p>	<p>Ilmu tentang Yadnya</p>	<p>Ketahuilah bahwa seluruh kurban itu disebabkan oleh karma</p>

No.	Wujud Piwulang	Data	Falsafah Hidup	Keterangan
		<p><i>/-/ Kang luwih prayogã sãkã kurban samubarang kang maujud / iyã iku kurban kawicaksanan / ora nganggo pinilah salwiring panggawé iku bias ruwat ing dalêm kawicaksanan /-/ (Teks PK, Sloka 33)</i></p>	<p>Ilmu Kebijaksanaan</p>	<p>Yang lebih baik dari berkorban yang berwujud adalah kurban kebijaksanaan</p>
<p>3.</p>	<p>Manunggal dengan Tuhan melalui jalan ilmu pengetahuan yang tertinggi (<i>Raja Marga Yoga</i>)</p>	<p><i>/-/ Héh Pangrurahing Satru / sakèhing manungsa kang ora pitâyã marang darmã / dhèwèké ora têkan maring Sun / bali manèh marang dalam lair marambah-rambah /-/ (Teks PPKLWL, sloka 3)</i></p>	<p>Keagungan Darma</p>	<p>Manusia yang tidak yakin kepada darma ia tidak akan sampai kepadaKu</p>
		<p><i>/-/ Héh Pandhu Tanâyã / ananging Sang Mahatmã anut watêking Sun / pangèsthiné ora liyã muhung maring Sun / Sang Minulyã mau wêruh yèn Ingsun tuké kabèh dumadi kang langgêng /-/ (Teks PPKLWL, sloka 13)</i></p>	<p>Tuhan merupakan sumber dari seluruh makhluk</p>	<p>Orang yang bijak akan tahu bahwa Akulah sumber dari seluruh makhluk</p>

No.	Wujud Piwulang	Data	Falsafah Hidup	Keterangan
		<p><i>/-/ Sujanmā kang wus ora mikir liyané kajābā angluhuraké Ingsun / iyā kang wus ora maro tingal / Ingsun maringaké kamulyaning panunggal marang dhèwèké /-/ (Teks PPKLWL, sloka 22)</i></p>	Mengagungkan Tuhan	Manusia yang tidak lagi memikirkan hal lainnya, kecuali hanya mengagungkan Aku
4.	<p>Manunggal dengan Tuhan melalui jalan kasih sayang (Bhakti Marga Yoga)</p>	<p><i>/-/ Pangandikanipun Krêsnā / //0// Sing sâpā pikiré tumuju maring Sun / kang tansah nunggal sartā angluhuraké Ingsun / kang ênggoné ngèlingi Ingsun mau jinarwā déning piandêlé / iku panunggal kang prayogā /-/ (Teks PB, sloka 2)</i></p>	Yogi yang baik	<ul style="list-style-type: none"> - Siapa yang pikirannya tertuju kepadaKu - Yang selalu ingin manunggal - Mengagungkan Aku - Yang mengingat-Ku karena keyakinannya
		<p><i>/-/ Kawruh iku angungkuli sinau / kang ngluwahi kawruh iku pamêlêng / kang ngungkuli pamêlêng iku angédohi kabèh panggawéné / sawusé pisah sākā wohing panggawé / sirā banjur tumuli antuk katêntreman /-/ (Teks PB, sloka 12)</i></p>	Prinsip Bhakti Yoga	Setelah terbebas dari hasil perbuatan engkau akan mendapatkan ketenteraman

No.	Wujud Piwulang	Data	Falsafah Hidup	Keterangan
		<p><i>/-/ Tansah narimã / anggung anglakoni panunggal / angrèh pribadiné / sètyã tuhu / pikir lan budiné tumuju lan nunggal maring Sun / bakti kang mangkono mau pratândhã asih maring Sun /-/ (Teks PB, sloka 14)</i></p>	<p>Cinta kepada Tuhan</p>	<p>- Selalu menerima dalam melaksanakan panunggal - Pribadi yang selalu setia - Pikirannya selalu tertuju untuk bersatu kepadaKu</p>

LAMPIRAN 2:

SALINAN TEKS DARI NASKAH *SÊRAT BHAGAWAD GITA*

॥ മിതത്വം ॥

ഘരണീയം

നമഃ ശിവായ നമഃ ശിവായ നമഃ ശിവായ നമഃ ശിവായ
നമഃ ശിവായ നമഃ ശിവായ നമഃ ശിവായ നമഃ ശിവായ



മഹാഭാരതം പദ്മപുത്രം ശ്രീകൃഷ്ണസംവാദം
പദ്മപുത്രം ശ്രീകൃഷ്ണസംവാദം

॥ മഹാഭാരതം പദ്മപുത്രം ശ്രീകൃഷ്ണസംവാദം ॥

Diterbitken dan didjoel Oleh:
Boekhandel: TAN KHOEN SWIE
~KEDIRI~
1929

~66~

॥ ၀ ॥ ဟံကံဝံဂြိုဟ်ဒါဒါဂြိုဟ်
ကံလျဟ်ဒါ ဒြဝံဂြိုဟ်ဒါဒါဂြိုဟ်

॥ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံကံဝိဘုရဏသမ္မာနိကံ ॥

- 1။ ဟံကံဝံဂြိုဟ်ဒါဒါဂြိုဟ် ॥ ဟံကံဝံဂြိုဟ်ဒါဒါဂြိုဟ်
ဟံကံဝံဂြိုဟ်ဒါဒါဂြိုဟ် ဟံကံဝံဂြိုဟ်ဒါဒါဂြိုဟ်
ကံလျဟ်ဒါ ဒြဝံဂြိုဟ်ဒါဒါဂြိုဟ်
- 2။ ဟံကံဝံဂြိုဟ်ဒါဒါဂြိုဟ် [ဟံကံ] ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
ဟံကံဝံဂြိုဟ်ဒါဒါဂြိုဟ် ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
- 3။ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ (ဝိဘုရဏ) ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
- 4။ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
- 5။ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
- 6။ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
- 7။ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ
ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ ဝိဘုရဏဂဏသမ္မာနိကံ

